

# Eseye Rann Bondye Sèvis San Se Pa Volonte Bondye

65-0718M

## Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou rete kanpe koulye a pou yon moman pandan n ap lapriyè. Ann bese tèt nou.

Seyè, nou kontan maten an pou nou tounen lakay Bondye, nan yon lòt sèvis. Epi nou lapriyè, Bondye, ke Ou pral korije nou maten an nan tout erè nou yo. Montre nou chemen kote Ou te òdone ke nou ta dwe mache. Epi ban nou lagras ak lanmou W, pou nou kapab suiv chemen ak enstriksyon sa yo avèk tout kè nou, pou ke yo ka jwenn, jou sa a, nan Kris la, san repwòch, paske nou kwè, Seyè, ke aparisyon Li se pou byento.

2 Nou wè tout siy ke Li te di ki ta pran plas jis anvan Li vini, kounye a ap akonpli. E ak kè kontan n ap siveye moman sa a. Kòm Abraham lontan t ap ret tann pitit gason ki te pwomèt la, epi li te wè dènye siy sa yo ki sot kote Bondye desann sou tè a, alò li te konnen ke sa pa t ap pran anpil tan jouk lè pitit gason an ta rive. E koulye a nou wè sa repete ankò. Jezi te di nou ke, "Lè bagay sa yo kòmanse vini," pou nou leve tèt nou, paske redanmsyon nou--nou an te pwòch, "anksyete tan an, detrès nan mitan nasyon yo, tranblemanntè nan divès kote, lanmè a k ap riji, kè moun ki tonbe nan laperèz. "

3 Nou reyalize ke nou nan lè sa a, kote nasyon yo pa konnen ki sa yo dwe fè. Yon lòt lagè ap vini, sanble. Ala yon bagay tèrib sa ta ye! Tè a ap dechire, syantis yo ap di ke gen yon bagay terib ki tou pre. Nou wè Bib la pale de sa. Alò, Seyè, ede nou kanpe jodi a nan kay koreksyon sa, epi pran lòd nan men Bondye nou an, pou ale pi devan nan moman fènwa sa, pou klere Limyè, paske se ka dènye opòtinite nou genyen pou fè sa. Paske nou mande sa nan non Jezikri poutèt Li. Amèn.

Nou mèt chita.

4 Mwen sètènman konsidere sa a yon gwo privilèj, pou m isit la nan tabènak la maten an. Mwen regrèt ke nou pa gen plas pou chita, ozalantou, pou nou. E plas la ranpli a krake, epi moun kanpe tout kote deyò a.

Noumenm moun ki deyò yo kounye a, nou ka tandè sa a sou radyo nou. Mwen bliye ... [Yon moun di, "Senkant-senk a senkant-sèt." - Ed.] Senkant-senk a senkant-sèt. Noumenm moun yo ki deyò a, epi nan pakin yo, epi nan lari yo, nou ka tandè sa a sou radyo nou, ant senkant-senk ak senkant-sèt sou kadran radyo nou. Kifè nou eseye ...

5 Mwen te retounen, pito, isit la, pou m eseye gen yon reyinyon dis jou anviwon, pou m pale sou sijè *Sis Dènye Koup Yo*. Paske ant Koup sa yo nou jwenn Twonpèt yo. E mwen te di nou nan... lè m ta va preche sou Sèt Twonpèt yo, ke mwen ta va prezante yo ak Koup yo ak Kalamite yo. E mwen te panse se ta yon bon moman. Mwen fenk soti an Afrik, e--e timoun yo pat gen vakans yo.

Ti pitit gason m lan, Jozèf, te gen—te gen on jan li t ale yon ti kras... li te bezwen kèk ti semèn pou l travay sou lekti li. Li pase, se byen, men li pa rive fè mwayèn li. Kifè nou te kenbe l nan Tucson, konsa, pandan mwen te an Afrik, e li te kontinye fè ratrapaj nan lekti, pandan kèk jou lekòl.

E alò nou tounen. E mwen te panse, pandan ke ti moun yo te gen vakans yo, mwen ta gen yon ti reyinyon isit la ak pèp la, epi preche sijè sa yo. Men lè nou te rive isit la, nou dekouvri ke nou pat kapab jwenn oditoryòm lekòl la.

6 E mwen te konnen ke tabènak la pat sifi pou met moun yo chita, epi fè yo konfòtab fason yo ta dwe ye lè yo ... lè m ap pote Mesaj sa a, se poutèt sa nou te dwe fè yon aranjman diferan. E olye pou nou genyen dis sware yo--yo ke nou te planifye pou nou genyen an, ebyen, mwen te fè jis de sèvis yon dimanch; Dimanch sa a, Dimanch pwochen, ak Dimanch k ap vin apre a, de sèvis. Konsa, e nou pa janm anonse l.

Epi, lè sa a, si nenpòt moun ki te tandè yon fason ke reyinyon yo te pral kòmanse jou ventuit lan, nan oditoryòm lekòl la, si Bondye pèmèt li, ebyen, si ou gen nenpòt ki zanmi epi ou te gen nenpòt ki rezèvasyon nan motèl yo, mwen--mwen ta--ta anile li, ou wè, paske ke--ke yo, nou pa ka gen fasilite pou jwenn li. Yo pa ka jwenn oditoryòm lekòl yo--yo.

7 E koulye a mwen vle pale, sèlman sou sèvis evanjelik yo nan dimanch maten. Epi dimanch swa mwen vle gen lapriyè pou malad yo. E nou kwè ke Bondye ap rankontre avèk nou moun ki malad yo. Mwen pa konnen ki jan Billy pral okipe nou; Mwen ta kwè, l ap bay kat lapriyè, oswa sepandan, fason pou kontwòle kongregasyon an. Men nou pral fè tout sa nou kapab pou priye pou chak moun nan twa semèn kap vini yo kote nou gen entansyon gen sèvis, si se volonte Seyè a.

8 Epi alò anpil fwa gen entèvyou pèsònèl, yon moun jis vle wè ou yon minit sou yon bagay oswa yon bagay konsa. Epi nou pwal ... Konbyen moun isit la ki bezwen yon entèvyou pèsònèl? Pèmèt nou wè men ou. Wow! Ki moun ki pa bezwen? Konsa alò nou ...

9 E, bon, li pral on jan difisil pou jwenn yo, kifè ekri demann ou an epi voye yo, remèt yo bay Billy, epi m a pran yo nan men l. E, koulye a, li pral fè yon anons konsènan kat pou lapriyè, mwen devine, nenpòt lè yo gen pou distribiye yo.

10 Konbyen nan frè minis nou yo ki la isit la maten an? Nou pat gen yon chans, mwen pa devine ... Eske nou te rekonèt nenpòt nan yo? Konbyen minis ki isit la maten an, èske nou ta jis leve men nou? Oswa, leve kanpe. Ann wè konbyen Minis ki nan kongregasyon an maten an. Oke, se byen! Mèsi Seyè a pou mesye sa yo. M swete nou te gen tan rekonèt chak nan yo, men mwen sèten ke nou wè yo. Epi nou ... Bondye konnen yo nan sèvis yo, e nou priye pou Bondye beni yo richman. Epi, pa gen okenn dout, anpil nan yo fèmen sèvis yo, pou yo vin isit la. Frè Junior Jackson ak, mwen devine, Frè Don Ruddell, epi gen emisyon sa a k ap vini nan legliz yo. Epi, tou, laba nan New York ak lòt kote nan tout nasyon an, sa se atravè yon telefòn prive nan chak legliz maten an.

11 Mwen byen kontan wè Frè Richard Blair ki chita isit la. Mwen fenk li yon lèt konsènan yon gwo bagay ke Bondye te fè pami moun yo laba. Lòt jou a, jan mwen konprann ... Mwen ka twonpe m, Frè Blair; si wi, korije m. Li t ap travay, li t ap ede yon nonm poze yon fil eletrik nan yon trelè oswa yon bagay konsa, mwen kwè se te sa. Mwen te li lèt la. Epi yo te chanje yon bagay plas, e, sepandan, sa fè kouran an pase nan yon dlo kote yon ti gason te ye, yon sèl ... se te ti pitit gason nonm ki te mèt trelè a, jis yon ti gason, epi sa te touye ti gason an. Epi vant li te anfle. Nou konnen chòk elektrik, se sa, lè yo mouri, se sa ki rive. Ti je yo vin fiks; dan l yo vin sere.

12 Sa te fè frè yo pè anpil. Frè Blair te di ke li te panse li te kapab jwenn mwen yon kote, pou lapriyè pou li, men li te sonje ke se te ekri : "Kèlkeswa kote de oswa twa rasanble nan Non Mwen, Mwen nan mitan yo." E papa a te kòche dwèt li lè l t ap eseye mete l nan bouch ti gason an, pou louvri li. Epi yo te mete yo ajenou devan l, epi yo te kòmanse lapriyè sou ti gason an, epi li te retounen jwenn lavi ankò.

13 Eske se te vre, Frè Blair? Youn nan frè fidèl nou yo isit la. O, ti gason an isit la. Ebyen, mèsi Seyè a. Se byen. Nou ta renmen w kanpe, fiston. Bon, nou remèsye Seyè byenneme a pou sa. Sa se papa ti gason an? Èske ou se papa a? Se egzak. E men Frè Richard Blair. Bondye nou an ka fè nenpòt bagay. Wi mesye. Li te pwomèt li. N ap viv nan Prezans Divin gran Papa, glorye, ki nan Syèl la. E tout bagay ke nou ... yo posib si nou ka jis kwè li.

14 Ou wè kisa sa fè, kisa sa koute lavi moun sa a pou l kwè sa? Li te sove ti gason l lan. Bon, Bondye te gen sèvitè fidèl li yo, pou ... Frè Blair ak yo, pou lapriyè pou ti gason an lè li te nan kondisyon sa. Wi, lè nenpòt bagay rive, sonje, ou se pitit Bondye vivan an.

"Kèlkeswa kote de oswa plis rasanble nan Non Mwen, Mwen la ." Epi ankò li ekri : "Li se yon sekou trè prezan nan tan pwoblèm." E si te janm te gen pwoblèm, se te ti gason sa ki te blayi la, mouri, atè a, nan yon chòk elektrisite ki te travèse l. Kifè n ap remèsye Bondye maten an, ak tout kè nou, pou pou bagay sa yo ke li te fè pou nou.

15 Bondye beni moun sa yo fidèl, tou. Nan yon moman dijans ki nan tan pou gade pou Bondye. And gade l ', yo epi yo dwe sou amitye avè l' anvan ijans lan rive. Nou konnen sa. Si nou gen favè ak Bondye, nou ka mande l nenpòt bagay, tankou ou ta nenpòt lòt zanmi, epi li se yon èd trè prezan nan tan pwoblèm.

16 Mwen jis te rankontre nan lari a, yè, sè Frè John Martin lan. Mwen te ... Yon moun te rete m nan lari a, epi yon moun te pase epi li te voye men ban mwen. Antan m t ap tounen lakay mwen, ou konnen, nou wè moun yo tout kote, yo rete epi y ap ba w lanmen, e latriye. E dam sa, mwen sonje yo te rele m dènyèman, kote yon moun te frape l nan dèyè, nan yon machin, li te brize kolòn vètebral li yo depi anwo jouk anba. Li te dwe paralize diran rès lavi li. Li chita nan reyinyon an maten an, ap jwi Prezans Bondye a. Mwen te fenk ap pale avè l nan sal la. Mwen vle lapriyè avè l, ankò. E li te ... Li isit la yon kote. Mwen panse li pa t kapab antre.

Men, isit la, sèten, li chita drèt isit la pami nou. Se sa. Èske ou ta vle kanpe jis yon minit, sè, pou ke gen moun ki ta ka ... Men yon dam doktè a te di, kèk jou de sa, li p ap janm ka mache, yon kolòn vètebral brize ak tout bagay, nan yon aksidan--aksidan. E men li kanpe la, refè.

Ou konnen, Bib la di : "Epi yo pa t kapab di anyen kont li, paske nonm lan te kanpe nan mitan yo." Se vre. Men yon ti gason ki te leve soti vivan nan lanmò, epi men fanm lan ak kolòn vètebral ki te brize a, kanpe nan mitan nou an. Sa fenk fèt, kifè Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Se pou Non Seyè a beni! Ala kontan nou ta dwe kontan poutèt n ap viv kounye a nan Prezans Li, epi pou nou konnen ke Li se sekou sa ki trè prezan nan tan pwoblèm.

M Kontan wè Frè Vayle, Frè Martin, anpil nan yo maten an. Seyè a beni nou frè, richman. Koulye a, se ...

17 Mwen konnen li pa twò fre isit la, ak tout foul sa a, men poutan, lè mwen te kite Tucson lòt jou a, li te fè anviwon san ak kat oswa senk degre. E prèske a minwi, li te fè katrentèz

degre, e konsa se trè bon pou mwen. E nan Parker yo te di li te fè san ak karant degre, Vandredi anvan nou kite. Epi ou ka imajine ki jan li te fè cho. Natirèlman, se nan dezè a.

18 E, kounye a, twa pwochen dimanch sa yo. Jodi a, se kenz, mwen kwè, èske se sa, oswa sèz; se kenz, pa vre? Jou dizwit la, epi ventwit lan, epi premye Out la, (èske se sa?) Out. Vennsenk lan ... Dizwit, vennsenk, ak premye a, pral gen sèvis nan tabènak la. Pinga, ou konnen, pale twòp de sa, paske, ou wè, nou pa ka fè antre sa ki deyò yo, sa ki isit la kounye a, anndan an, ou konnen, epi sa jis ta vin pi mal. Jis retounen si ou kapab.

19 Epi mwen isit la pou m reyini administratè yo ansanm. Mwen on jan kontrarye wè y ap refize m plas pou m fè yon reyinyon, alòske mwen santi m pouse pou m fè l. Kifè mwen panse mwen pral mande si nou jis pa ka gen tant nou an epi--epi mete l kanpe, epi jis rete la, ou konnen. Mete l isit la sou yon teren baseball, oswa sou yon fèm, epi deplase li sot nan yon plas al nan yon lòt plas, jis jan Seyè a va kondwi. E mwen santi ke se sa Li pral fè. Ou konnen, gen yon vizyon sou sa. E mwen panse ke se petèt rezon ki fè sa rive ... Koulye a, ou konnen, anpil fwa nou panse se terib paske sèten bagay rive, Men, ou konnen, sa ta ka Bondye, ou wè, k ap kondwi ou nan bagay sa yo. Lè, Li di l, L ap fè l.

20 Kèk sware de sa, anpil nan nou, jis apeprè yon mwa anvan m t ale an Afrik, anpil nan nou petèt gen kasèt la, noumenm ki gen kasèt yo, sou, Chwazi yon Epouz, ki te preche nan Kalifòni. Nan dènye minit kasèt sa, mwen pa sonje si m te janm la. Men Lespri Bondye a te vini nan yon fason. Mwen t ap kondane yo pou fason yo t ap viv epi konpòte yo, epi apre Levanjil la te preche e te deklare devan yo sitèlman. Epi, toudenkou, Sentespri a te pale epi li te di: "Kapènwòm," ou wè, "vil la ki bay tèt ou non zanj yo," sa se Los Angeles, "Ou leve w jouk anwo nan Syèl la, men yo pral desann ou jouk nan lanfè." Ou wè? Epi apre sa te fini, ebyen, mwen te deyò a, ak Frè Mosley epi Billy te avè m. Epi yo te di ... mwen te retounen epi m te gade, e tout etaj la te jis ranpli ak moun, ak minis ki te an sanglo.

21 Epi mwen t al chache Ekriti a. Mwen te di : "Gen yon bagay sou sa nan Bib la."

E se te Jezi ki t ap reprimande Kapènwòm, tout vil kotyè sa yo ke Li te vizite yo. Poukisa, Li te di : "Kapènwòm, oumenm ki leve w jouk anwo nan Syèl, yo pral desann ou jouk nan lanfè." Li di : "Paske si zèv yo ki te fèt nan ou a te fèt nan Sodòm ak Gomò, li ta kanpe debou jodi a." E Lè sa a, Sodòm ak Gomò te nan fon lanmè a.

E jis apre sa, petèt yon santèn lane oswa yon bagay konsa, apre pwofesi Jezi a, Kapènwòm, sèl vil kotyè a ke Li te vizite, yon tranbleman tè te koule li nan lanmè a. E ou konnen ke se te yon repons dirèk pou Californie, pou Los Angeles.

22 Epi nan Tucson lòt jou a, jis kòm mwen te retounen, yon gwo tranblemanntè te rive laba. E syantis yo te nan televizyon an yo t ap trase l. Li te nan jounal yo. Se ke, tè a, lòt jou a, fann depi nan Zil Alewousyèn yo, oswa nan Alaska, ozalantou Zil Alewousyèn yo, apeprè twa san kilomèt soti nan lanmè a, tounen nan San Diego, li t ale alantou Los Angeles, epi li te soti nan San Diego. Epi li te detache de plizyè santimèt. Kay yo te anfonse. Motèl yo te efondre.

E syantis yo sou panèl sa a te--te mande. Yo te di : "Ebyen, sa ta ka tonbe yon jou?"

23 Li di : "Èske? Li va rive!" Epi li te itilize non syantifik pou eksplike ki jan lav la gen ... Se sa ki lakòz tranblemanntè sa yo tout ansanm, alantou San Diego epi laba. Teren sa gen yon espas vid. E koulye a tout bagay kòmanse efondre, tankou sab k ap tonbe, e kounye a se jis yon kwout. Epi li detache de plizyè santimèt. Yo te ka pran rada ak lòt bagay, epi swiv krak sa, epi make li, pou wè kote li te ye a.

E li te elaji de plizyè santimèt anplis, petèt senk a sèt santimèt lòt jou a, ankò, jis apre pwofesi sa te fin bay.

E sila yo ki t ap entèvyouwe syantis la, te di : "Ebyen, li pwobableman pa pral rive nan laj nou an."

24 Li di : "Sa ta ka nan senk minit oswa nan senk lane; men li gen pou l efondre."

25 Madam Simpson, mwen pa panse ke li isit la avèk nou jodi a. Men, mwen wè Frè Fred chita isit la, men mwen pa konnen ki kote Madam Simpson ye. Li t ale epi li te reprann yon pwofesi ke mwen te fè, vè 1935 oswa yon bagay konsa, ki te di: "Lè a va rive," li ekri nan yon liv yon kote, "ke lanmè a ta freye chimen li nan dezè a."

Gade sa ki pral rive. Si dè milye kilomèt kare sa yo tonbe desann nan lav latè a, epi glise ladann, pral gen dè milyon moun mouri menm lè a. E sa pral pwovoke yon jan de radmare! Sonje, jouk nan lanmè Salton lan, ki sitiye a trant oswa swasant mètr pi ba pase nivo lanmè a. Dlo sa a pral pwobableman vini prèske nan Tucson, ak radmare sa k ap vini la. "Lanmè a pral freye chimen li nan dezè a."

Nasyon yo ap kraze, pèp Izrayèl la ap reveye,

Siy ke pwofèt nou yo te anonse;

Jou Nasyon yo konte ak anpil freyè.

Retounen, O dispèse yo, bò moun pa nou yo.

26 Nou nan fen tan an. Koulye a, Seyè a beni nou richman. Mwen kòmanse pale sou bagay sa epi mwen bliye lè a. Nou pral pase vit, ase vit, nan Letènite, kanmèm.

27 E koulye a nan Sen Mak, chapit 7 la ak vèsè 7 la, pou pote yon tèks sou sijè sa a ke nou te jis li nan I Kwonik 13. Kòm tèks pou apiye sa, mwen vle Mak 7: 7.

*... pou gremesi yo adore mwen, y ap anseye pou doktrin kòmandman moun.*

28 Koulye a, mwen pa konnen anyen ke Mesaj la Seyè a ban mwen an, e se tout sa mwen ka pale. E koulye a, mwen pral pale sou yon sijè maten an ke mwen te panse ki ta bon. E aswè a mwen vle pale sou, "vyann nan tan ki rive a," si se volonte Seyè a: *Manje Espirityèl Nan Tan Ki Rive A*, e ki jan yo resevwa Li. Koulye a, maten an: *Eseye Rann Bondye Yon Sèvis San Ke Se Pa Volonte Bondye*.

29 Bondye souverèn. E nou wè isit la sa David fè, nan lektri Lekriti nou nan I Kwonik 13 la. Epi li te ... Entansyon li yo te bon. Men Bondye pa ban nou merit paske nou gen bòn entansyon. Gen yon sèl fason pou sèvi Bondye, se fè volonte Li selon kòmandman Li. E Bondye, etan done Li souverèn, pa gen okenn moun pou ki di L sa pou L fè oswa ki jan pou L fè l. Li fè l fason pa L, Li konnen fason egzak la pou L fè l. E sa fè m santi m byen. E sa ta dwe fè nou tout santi nou byen, e mwen sèten se sa ki fèt. Paske, youn ta vle ke Sa vini fason sa, e yon lòt ta vle Sa ale fason sa, epi youn yon lòt fason.

30 Men yon gran bagay, ankò, avèk Bondye, Li pa kite nou, kounye a, san nou pa konnen sa ki Laverite e ki jan pou nou pratike L. Li pa t ap jis, pou Li pini nou poutèt nou fè yon bagay ke nou pa t konnen ki jan li te dwe fèt, epi kite nou bite nan yon bagay. Li pa yon jan de Bondye konsa. Li se yon Bondye ki pwononse Pawòl la e Li atann pitit Li yo kwè Li. E, Se poutèt sa, Li konnen sa ki pi bon, e ki lè pou fè l, e ki jan pou fè l. Nou gen lide nou sou sa, men Li konnen.

31 E alò si Li te etabli yon sistèm, ke se sa Li pral fè, epi Li pa ta di nou sa ki ta pral rive e ki jan li ta pral rive, lè sa a noumenm, ki bite sou li, nou ta dwe—ta dwe jistifye nan--nan fo pa nou an; oswa, lè n ap eseye fè yon bagay, nou chak ta dwe jistifye. Men gen yon sèl chimen, e ke se Pawòl Li a.

32 E yon lòt bagay, David isit la, nou wè ke nan kè l li te vle fè yon bagay ki te bon. Li pa t gen okenn move motif, ni okenn move objektif. Men, kay la, oswa Lach Seyè a, te lwen pèp la--la, e li te vle pote Lach Bondye a tounen nan plas li, konsa pèp la ta konsilte Bondye sou bagay ke yo te vle.

33 Olye pou—pou jis lese sa tonbe, nou ... E si Frè Blair ak papa ti gason sa a te di : "Ebyen, se domaj, yo jis frape timoun lan, li mouri. Mwen panse, se jis bagay ki konn abitye rive"? Men yo t ale byen vit bò kot Bondye.

34 E si ti fanm lan, ak mari l, yon minis Levanjil la, kèk sware de sa, oswa kèk jou, lè ti dam sa a te gen kolòn vètebral li ki brize, ki te jis leve kanpe ... Doktè a te di : "Li pral paralize tout rès vi li." E si mari a ak limenm te di : "Ebyen, cheri, n ap jis konsole nou sou sa"? Men byen vit yo te fè yon bagay sou sa; yo t al bò kot Bondye. Se pa ti kras bagay nan Bib la nou ta ka refere nou, konsènan lè jan moun nan pwoblèm, y al bò kot Bondye!

35 Ebyen, alò, nan jou sa yo, yo te gen yon sèl kote yo te konn reyini pou yo te ka rankontre Bondye, e se te bò kot lach la, anba san an. Se sèl kote yo reyini ankò : anba San an. Yo te aspèje syèj mizerikòd la, pou bay adoratè a mizerikòd, oswa demandè a, lè li te vin prezante demann li bay Bondye. E Bondye te gen yon woutin espesyal, fason ou te dwe fonksyone, tou, sou sa, epi Li pat aksepte okenn lòt bagay. Li pa tap aksepte okenn lòt fason pou fè l; jis fason Li te fikse l la.

36 Dènyèmman mwen fenk te preche yon Mesaj, anpil nan nou konnen Li, se sèlman yon sèl kote ke Bondye bay pou rankontre adoratè a, kote Li te di : "Mwen pral mete Non Mwen." Si nou ka jwenn legliz la kote Li mete non L lan, alò nou jwenn plas la. Li di: Mwen p ap janm beni ou nan tout pòtay yo; jis pòtay yo kote Mwen mete Non Mwen an. Mwen pral mete L nan yon sèl kote, epi ou dwe rankontre M la; e se sèl plas kote Mwen pral rankontre ou." Epi nou te wè, nan plas la, kote Li mete Non Li a, e se sèl kote Li rankontre adoratè a. E non li se te Jezikri. Non Bondye se Jezikri.

37 Jezi di: "Mwen vini nan non Papa M." Chak pitit vini nan non papa l. E Li te vini nan Non Papa a.

"E pa gen yon lòt Non anba Syèl la ki bay nan mitan lèzòm," menm si yo rele l Metodis, Batis, Presbiteryen, legliz Kris la, oswa nenpòt lòt bagay. Genyen sèlman yon sèl plas reyinyon kote Bondye rankontre lòm, e se lè li nan Jezikri, se sèl plas la. E tout bagay ansyen sa yo ki isit la nan Ansyen Testaman an, tipifye sa. Mwen vle nou byen konprann sa. Koulye a, se yon leson lekòl dimanch. Mwen gen kèk Ekriti ak kèk nòt ki ekri isit la. Mwen te panse ke sa ta ka ede nou konprann, kòm tout bagay ansyen sa yo te rive pou sèvi nou egzantp.

38 Kounye a, nou jwenn ke Bondye te g on fason pou fè bagay yo. Men David, ke Bondye te jis beni, jan l te fè l la, epi li vin wa, li te jis panse ke l t ap jis f on bagay pou Bondye, de tout fason. Ebyen li pa t janm pran bon mwayen an pou fè l.



39 Nou remake ke, Bondye revele Pawòl Li nan Pwòp sezon predestine L. Kounye a, ki jan Maten Litè te ka konnen osijè de Mesaj jodi a? Ki jan Presbiteryen yo te ka konnen l ? Ki jan Maten... oswa legliz Katolik te ka konn mesaj Maten Litè a? Ki jan John Wesley te ka konn mesaj Litè a? Ki jan Wesley te ka konn mesaj Pannkotis la? Oswa ki jan Pannkotis la te ka konn Mesaj sa a? Ou wè? Li revele L nan sezon L, paske L s on Semans. E pandan L ap grandi e vin a matirite, Li revele Tèt Li.

40 Tankou chalè solèy la, pou l louvri. Lè l frajil epi jenn, pou fè l soti nan tè a, semans lan; aprè sa li fè fèy li yo, nan yon lòt degre solèy la. Solèy cho a pral touye l si s on grenn k ap mi... oswa tan pou l donner. Konsa, Li regle solèy la epi l regle nati a, pou annakò ak Pawòl Li. Li regle Legliz la, predestine a, Lepouz la, pou annakò ak sezon ke y ap viv ladann la.

41 Menm nati a li menm di nou jodi a, pandan n ap gade nasyon yo k ap brize, tè a k ap anfonse, men an k ap ekri sou miray la. Nou wè legliz la e nan eta l ye a. Nou wè Lepouz e nan eta L ye a. E nou konnen, pa la nati, ke Legliz la ap pare pou l ale. Ala yon tan glorye sa ye! Se yon tan ke tout pwofèt yo te gen anvi pou wè, lè sa a.

42 Kounye a, Li revele Pawòl Li sèlman nan sezon L. Maten Litè te li menm Bib ke nou li a. Wesley te li menm Bib ke Maten Litè te li a. Pannkotis yo te li menm Bib nou li a. Jezi te li menm Bib ke Farizyen yo te li a, men yo te gen...Ap eseye kenbe mayi a nan etap ki vin anvan an, lè ke l t ap donner, yo echwe pou wè lè pa yo a. Kounye a David te fè menm bagay la la a.

43 Bondye revele Pawòl sa a nan sezon an, epi a moun li chwazi pou revele L. Bondye chwazi a ki moun pou L revele L. Li te chwazi sa anvan fondasyon monn lan. Tout sa L fè yo Li te konnen yo davans, yo te kache yo de lòm. Li jis revele yo jan L vle a. Se sezon ke L chwazi, moun ke L chwazi. E li pa janm chwazi yon gwoup oswa yon sèk; se yon moun ki chwazi, jan L fè l la.

44 Ki moun ki pral oze korije L, epi di : “Kounye a Seyè, Ou f on erè lè w mete nonm sa a nan ministè a. Moun sa a pa kwè jan n kwè a”? Ki moun ki pral di Bondye li fè erè nan sa? Sa pral pran yon moun ki on ti kras pi delenkan ke mwen, pou di L sa. Li konn ki sa L ap fè. Li konn ki moun pou L chwazi e ki moun pou L pa chwazi, sa pou L fè ak ki lè pou L fè l. Pa enpòtan konbyen nou kwè ke yon moun kèlkonk te kalifye pou fè yon kalite travay, Bondye konnen ki moun ki kalifye pou tan an epi pou sezon an, oswa tan an epi moman egzak pou fè l.

45 E reyèl, vrè Kretyen an; otantik, vrè kwayan nan Bondye a, ret tann Seyè a pou bagay sa yo. Tann pou ministè w la. Si w santi yon apèl, asire w ke l dwe vin de Bondye. Asire w si ke se sa. Asire w ke sa koresponn a tan ke w ap di a. Bib la te di : “Sila yo ki atann yo a Seyè a

va renouvle fòs yo. Yo va monte anlè ak zèl tankou yon èg. Yo va kouri e yo pa p bouke. Si yo mache, yo pa gen toudisman.”

46 Remake David, wa Izrayèl, te fèk wenn. Samuel te vide lwil sou li, epi Bondye te chwazi l, pou li vin wa Izrayèl. Epi David te gen revelasyon sa a, pou mennen lach Seyè a nan site David la. Kounye a, pa gen anyen mal, men, ou wè, David te mal abòde sa.

47 Kounye a, sanble ke si yon nonm konsa ta g on revelasyon, yon nonm remakab tankou wa Bondye te chwazi a, pi gran wa ki janm viv sou tè a, apre Kris, m sipoze, se te David, paske Kris s on Pitit David. Kounye a, pi grantòm lan, ki fèk wenn, ki sot nan Prezans Bondye men m, te g on revelasyon pou f on bagay pou Bondye, epi li te vle fè l pou Bondye; men revelasyon an pa t bon. Kounye a, sa a s on bagay ekstraòdinè. Li pral trete de sijè nou an : *Eseye Rann Bondye Yon Sèvis San Resevwa Apèl Pou Fè Li.*

48 Epi Remake, David te gen revelasyon an. E remake, se pa t pwofèt la, Nathan-ael, ki te gen revelasyon an. Se te David, wa a, ki te gen revelasyon an. Nathan-ael non plis p at konsilte sou sa. Li pa t janm mande Nathan-ael. Men eske w te wè la a, nan Premye Kronik, li te konsilte kaptenn milye yo, epi kaptenn santèn yo? Li pa t janm konsilte Nathan-ael. Li te konsilte pèp la, epi li te konsilte prèt yo tou ak teyoloji pou jou sa a, eskrib yo ak teyoloji yo. David te konsilte an premye, te di : “Si li, sa a, vin de Bondye, an n desann epi ann pote lach alyans Bondye nou an, anwo a nan vil la, epi an n konsilte Bondye anvan nou fè bagay yo.”

49 Men li te di, nan jou Saul yo : “Yo sispann konsilte Bondye, pa- pa - lach la, Ourim, Toumim lan. Yo sispann fè sa.” David te di : “Kounye a an n tounen jwenn Bondye, nou tout! An n tounen ak sa k jis la. An n desann anba a epi pran lach la e mennen l la a, mennen l nan Prezans Bondye a,” nan yon lòt mo, “nan vil a. An n f on revèy. An n ranmne moun yo.” Men l te gen revelasyon an, ki te sanble l bon, men se pa t volonte Bondye.

50 Olye pou l entèwoje sous li ta dwe entèwoje yo, li te konsilte kaptenn li yo, paske li te fèk vin wa. Epi li te swiv liy panse sa a, ki menm ak, chèf kaptenn li yo e mesye remakab li yo.

51 Apre sa li t al nan legliz nominal la epi l te mande si yo te kab g on revèy. Prèt yo, eskrib yo, kaptenn milye yo, kaptenn santèn yo, epi li te konsilte yo. “Eske sa se te volonte Seyè a?” Epi yo te di ke se te sa. Men, ou wè, li te fayi pou mande resous prensipal ke Bondye toujou trete atravè l la. Ou wè, li te fayi pou konprann sa.

52 Kounye a entansyon I te bon. Motivasyon L te bon. Objektif Li te bon, pou mennen yon revèy nan vil la, mennen moun yo tounen bay Bondye. Men li pa janm konsilte fason Bondye te di I fè sa. Ou wè?

53 Menm lè tout pèp la te dakò, e prèt yo, epi wa a te gen rezon : "Yo te bezwen pou lach la tounen nan vil la. Kounye a, yo te bezwen Prezans Bondye. Yo te bezwen yon revèy." Men Bondye pa t pwomèt pou revele Pawòl Li, nan sezon L, a moun yo. Li pa t janm pwomèt pou revele L a wa a, nan sezon an. Bondye pa chanje, yon ti kras. Li pa t pwomèt pou fè sa.

54 Kèlkeswa jan senserite, e jan motif ak objektif yo bon, e jan moun yo vle bagay sa yo, e wè nesosite yo, g on volonte Bondye ki pou reyalize nan bagay sa yo. Se sa m vle fè penetre pwofondeman. M vle mennen sa yon fason ke n dwe konprann li, si ... si Lespri Bondye a rete nan ou. Se rezon sa a ke m tèlman trennen sou sa la a. M pa vle pran tan nou, nou menm ki konekte pa telefòn, e ki branche sou radyo ... M vle nou sezi sa a. Si tan w ekoule, alòs, kòmande kasèt la. Se la a ...

55 Kèlkeswa jan sa nesèsè, konbyen ke tout moun dakò ke I nesèsè, konbyen sa a se Laverite, gon bagay ankò pou konnen: èske se volonte Bondye? Men, Bondye pa janm pwomèt ke L t ap revele sekre Li a wa Li yo, ke L t ap revele sekre L a pèp Li a.

56 Yon bagay menm jan ak tan Miche a, pitit gason Jimla a. Pandan n ap ki te a, note tèks la, men nan yon lòt moman, pou prezante nou sa a epi fè li vin reyèl pou nou, konsa nou pa p rate l.

57 Te genyen, nan tan Miche a ... Se te yon nonm pòv, epi li te sot nan yon fanmi pòv. Men Akab, wa Izrayèl la – antan ke yon nasyon ki anba Bondye – te rezève yon lekòl, e I te prepare pwofèt ke I te triye yo a la men, epi te genyen katsan nan yo n on lekòl. Yo te de grantòm. Yo pa t sèlman fo pwofèt. Yo te dè pwofèt ebre, moun otantik. Yo te konsilte Senyè a atravè moun sa yo. E yo te vrèman pwofetize. Men, Ou wè, lè reyèl konfwontasyon te rive, yo te, yo chak, an deyò Pawòl Bondye a ak volonte L.

58 Jozafa te desann nan vil Jerizalèm pou al kontre ak – wa Akab, yo mete abiman yo sou yo epi rete bò pòtay yo, epi yo mennen pwofèt yo devan yo. Pou kòmanse, Akab di, "Gen yon anplasman nan Ramòt, nan peyi Galarad, ki, an reyalye se pou nou. "Koulye a, sa a SE ENSI DI SEYÈ a. Jozye te divize I pou tout pèp la e te bay yo I, men Filisten yo te okipe I. Li di, "Pitit nou yo bezwen pen, e nou pa gen ase tè pou pwodwi pen sa a; e lènmi nou yo, Filisten yo,

bay pitit yo manje, dè payen, a pati de tè sa yo menm ke Jewova Bondye a te bannou. "Sa a trè dirèk. Li di, "Nou menm , pèp Bondye a, nou isit la ak timoun nou yo ki nan nesese; e lènmi nou an ap bay pitit li manje nan tè Bondye bannou an lè L te rele nou soti nan peyi Lejip. " Sa a t ap revòlte yon teyolojiyen, pa vrè? Li di, "Eske nou pral monte e pran tè nou yo ke Bondye bannou an?

59 Jozafa te di: ' Wi m pral ede w. Nou se frè. Ou nan peyi Jida, e m nan ... M nan -m nan Jerizalèm'. Oswa èske li te vis vèsa? M kwè ... Non, se sa. M kwè ke ...Jozafa. "Sepandan, Jozafa te yon bon moun, yon wa, yon nonm dwat ki te renmen Seyè a. Akab te yon kwayan tyèd. Konsa yo fè yo desann, e Jozafa di: 'Koute non, annou konsilte Senyè a anvan. Nou dwe ranseye nou sou sa.' Ou wè, si David te fè sa Jozafa te fè a! Li di, "Èske n pa ta dwe fè sa?" Epi, byen vit, antanke on Izrayelit, Akab te di, "Sètènman, m gen katsan ebre, tankou nou, pwofèt Ebre ki vin de pwòp òganizasyon nou an. E m pral konsilte yo. Yo se pwofèt. "Koulye a, nou wè, jis...

60 Ou di, "Sa achope m, Frè Branham. Yon pwofèt? "Oh, wi! Te gen youn, nan tan Jeremi an, ki te deklare ke yo t ap anba la a sèlman de zan. Seyè a te di Jeremi "swasanndis". Li mete yon jouk bèf nan kou l, epi pwofèt la brize l, Ananya. Men nou konnen sa k te pase avè l. Oh wi. Nou te dwe rete ak Pawòl la. Konsa Pwofèt sa yo vini, yo pwofetize e yo di: 'Monte non!, Seyè a avèk nou.'

61 Epi youn ladan yo, m kwè (m bliye non l kounye a) chef la, Zedezyas, m kwè, te di, li met de kòn an fè epi l di : "ENSI DI SEYÈ A. Ak sa a," kounye a nonm sa te sensè, "ou pral repouse lènmi w dèyè nèt nan peyi yo, epi pran sa k pou Bondye yo. Se pa w li ye." M pa kwè l te yon ipokrit. M kwè l te yon bon moun. M kwè tout pwofèt sa yo te bon moun.

62 Ou di : "Pwofèt yo?" Wè! Sonje, nonm lan menm ki te dakò pou touye Jezikri, te pwofetize, paske se te pozisyon l. Li te gran prèt nan lane sa a. E paske l te sa li te nan pozisyon sa a, e te okipe pozisyon sa a, Lespri Bondye te vin sou li. Sa pa vle di li te sove oswa nenpòt bagay kon sa. Epi l te pwofetize, Kayif, paske se te pozisyon l ki te fè l fè sa.

63 Epi pwofèt sa yo, antan ke pwofèt, nan pozisyon pwofèt, te pwofetize. Epi Lespri Bondye te vin sou yo, dèzòm ak don Lespri a.

64 M reyalize m ap pale ak katrevendiznèf pousan Pannkotis. Men lèzòm anpil fwa, yon nonm, Bondye ka trete avè yo, ba yo yon don, epi moun yo pral met presyon sou moun sa yo. Si

Bondye pa rele yo ou byen voye yo reyèlman. Li pral lakòz ke nonm sa a oswa fanm sa a di yon bagay ki pa nan Volonte Li, paske moun yo fòse yo di l.

65 Ki jan m te dwe siprann pwòp ti pastè nou an isit la nan sa. Deyò a nan mitan pye bwa yo yon jou maten, apeprè twa zè di maten, Li te di : “Al di Frè Neville!” M vin kote w, pa vre, Frè Neville?

66 Tout moun : “Frè Neville, pwofetize sou mwen. Di m *si* ou sa.” Ou wè? Nou fè l di de bagay, epi sa pa t ap rive. “Sila yo ki tann,” pou jwenn sa ke Seyè a vle fè. Ou wè?

67 Kidonk nonm sa yo te gade l nan yon sans natirèl, “Se pou nou.” Men, ou wè, yo pa t jwenn Pawòl ak vonlonte Bondye a.

68 Alòs Miche desann, e l te g on vizyon. Li te egzamine, an premye, nou remake. Li te di : “Tann. Ban m aswè a. Kite m al ranseyem, epi demen petèt m ka reponn nou.” Li pa t al prese prese, “ENSI DI SEYÈ A”, tankou, li dakò ak lòt pwofèt yo. Li te di : “M pral di sèlman sa Bondye di.” Epi nan demen, nou jwenn, ke Bondye te di l sa ki t ap rive. Epi li te absoliman kontrè ak lòt yo. Lekòl la annantye, li te kontrè. E menm youn ladan yo avanse epi souflete l nan figi l, pou sa. Men, ou wè, li te tann. Apre lè l te fè sa, li te konpare pwofesi l la, vizyon l lan, ak Pawòl ki te ekri a, epi li te annakò ak Pawòl la.

69 Lè yon moun di ke yo “g on revelasyon pou batize nan Non ‘Pè, fis, Sentespri,’” sa a kontrè ak Pawòl la. Pèsonn nan rès yo pa t janm fè l. Lè yo di, ke, “O, nou pral kanpe, epi *si*, sa, epi *lòt* la,” e latriye, sa a kontrè a Pawòl la. Lè yo di ke yo “pa kwè semans sèpan an,” sa a kontrè a Pawòl la. Tout lòt bagay sa yo, ki kontrè a Pawòl. Sa dwe ak Pawòl la epi nan sezon an.

70 Kounye a, si David ta fè sa sèlman. Lach la t ap vini, men pa nan tan sa; pa t gen okenn plas pou li.

71 Remake kounye a lè yo desann pou pran lach la, tout diyète yo te di : “Se bagay sa ki pou fèt, David. Glwa a Dye! Nou bezwen yon revèy.” Sa se te reyèl Pannkot la, jodi a; Batis, Presbiteryen. “David, ou se wa nou! Nou tout... Captenn Entèl-entèl, epi Majò Entèl-entèl, epi Jeneral Entèl-entèl, pral nan reyinyon w lan. Poukisa, yo di se jis bagay sa ki pou fèt, David. Ou gen tout peyi a avè w.” Se sa k pase jodi a. M pa vle peyi a. Mwen vle Bondye, si pa gen lòt moun ki kanpe.

72 David te gen tout kaptenn yo. Li te gen kolaborasyon fòs militè yo. Li te gen kolaborasyon tout denominasyon yo, tout teyoloji yo, ak tout, tout moun te dakò avè l. Men jan Akab te fè l la, ak lòt yo nan Ekriti a; men li pa t gen Bonye, paske li te andeyò volonte Bondye. M espere ke n konprann sa.

73 Remake, yo te fè tout bagay relijye ke yo te kapab. Yo te mete pwobableman piblisite ak tout bagay, “Gran revèy! Yo pral mennen Lach la tounen. Nou pral g on revèy. Nou pral fè sa.”

74 Remake, li te voye chantè. Li te voye moun ak arp, ak twonpèt, epi yo te fè tout bagay relijye ke yo te konn pou yo fè; e menm la Bondye pa t ladann. Yon jan ou wè l ap repete ankò, se pa vre?

75 Yo te pran tout chantè yo. Yo pran moun ki jwe arp yo, moun ki soufle twonpèt yo; fanm yo, gason yo, epi nenpòt kilès li te ye ki konn chante. Yo fè yo tout desann la a, epi pase atravè tout emosyon relijye. M pa vle di sa, men m dwe di li. Se konsa denominasyon sa yo ye jodi a, Pannkotis ak yo tout, pral atravè tout emosyon relijye, nan chante epi rele byen fò.

76 Remake, David te rele ak tout fòs li, epi li te rele fò, e l te sote, epi l te pase atravè tout emosyon relijye ki te ka genyen; epi menm la Bondye pa t ladann. Epi motivasyon l, objektif li, ak tout bagay te korèk; men li te fè l move fason an. Ou wè? Li te fè tout mouvman relijye yo; rele, chante, gen chan espesyal, moun espesyal pou rele, ak tout lòt bagay Yo. Yo te danse nan lespri. Yo te fè tout bagay ki te relijye.

77 S on bagay tankou gwo kwazad nan tan nou an. Yo vle genyen monn lan pou Kris. Pa g on tèl bagay konsa. Gwo revèy kolosal yo, gwo bagay k ap pase yo; si yo te ka sèlman reyalize, jou sa a te pase. Li kondane. Men, y ap bati, fè kwazad, òganizasyon, ak tout bagay. Men, rezilta yo se jis tankou l te ye nan tan David la, sa pa t mache.

78 N ale epi n g on revèy. Espèktakilè nou an, kèk nan gwo evanjelis nou yo jodi a, yo di yo gen trant mil konvèti, nan espas de sis semèn; epi yon ane apre sa, yo tounen, yo pa ka jwenn trant. G on bagay ki pa mache. Ki sa l ye, se jis menm bagay la David te fè. Gwo diyitè, dèzòm remakab, gran predikatè, pi gran lekòl yo, gwo otorite, men yo toujou ap konsilte yon denominasyon demode olye pou yo gade Pawòl Bondye nan fas li epi wè lè sezon an rive. Ou pa ka fè pouse nenpòt ki kalite manje sèlman jis nan yon tan patikilye nan ane a.

79 Kounye a, ann gade sa k te rive a. Menm si yo ... Emosyon relijye yo ak bagay konsa te gran, entansyon yo te gran, kwazad yo te pakèt afè, chante yo te mayifik, dans yo te ekstraòdinè, gwo rèl yo rele te enpresyonan, mizik yo te gwo zafè, epi yo te gen lach la. Kisa k gen de bon ak lach la san Bondye? Se jis yon bwat an bwa, de tab ki fèt ak wòch.

Se tankou pran kominyon, pran batèm ou. A kwa bon pou w batize si w pat repanti dabò? A kisa sa ap sèvi, pou pran kominyon, vin yon ipokrit, si w pap viv vi a epi kwè rès Pawòl Bondye a? Pran yon pati Ladann, e pa rès La, sa montre ke g on bagay ki pa va.

80 Bon, lè tou sa te rive, annou wè kounye a sa k te rive kan Bondye, ak Aj epi tan pa L, pa pran an konsiderasyon; ke se jis ide moun yo.

81 Anpil moun mande m, "Poukisa w pa vin isit la pou g on reyinyon? Ebyen, nou rele w. Siyen *sesi, sela, oswa se lòtbò.*"

Tann! Ou ka vle sa, men kisa Bondye di konsènan sa? Anpil moun te di m...M te resevwa envitasyon, M te bay antrevi, antrevi pèsònèl ak bagay konsa, te konn tann pandan ennan. Tann! Kijan m ka fè konnen sa pou m di toutotan Bondye pa di m kisa pou m di? Ou wè, ou dwe ret tann! Se pou rezon sa m te di, "Ekri sa. Kite m wè sa L te di." Ou wè? Ret tann! "Sila yo ki ap tann Seyè a va renouvle fòs yo." Se vre?

82 Remake, yo te sèlman konsilte prèt nan tan sa, teyolojiyen yo, denominasyon yo. E remake, poutèt yo te fè sa, konsilte prèt ak konsilte kongregasyon, konsilte moun, yo te mal fè l.

83 Remake, lach la se te Pawòl la. Nou konnen ke se vre. Paske, lach la se Kris, e Kris se Pawòl la. Ou wè? Lach la, oswa Pawòl la, pat plase nan premye pozisyon l, ki te òdone, nan pozisyon orijinal òdone li. O, piga w manke sezi sa, legliz!

Tout bagay te pafè, e tout bagay te parèt byen, kòm si yon gwo revèy ta pral rive; men paske yo te echwe pou konsilte vrè moun lan konsènan sa! Yo te konsilte prèt, yo te konsilte diyitè, yo te konsilte teyolojiyen, yo te konsilte chantè, pou yo te met tout bagay ansanm nan yon sèl akò, ak yon gwo òganizasyon militè, epitou tout--tout--tout fòs nasyon an. Tout bagay te an amoni pou yon gwo reyinyon, men yo te echwe pou konsilte Bondye. Menm bagay la pou Akab, menm bagay la pou lòt yo. Se pat on tikras moman!

84 Kounye a piga w manke sa a. Yo te echwe sezi l, paske yo pat konsilte. E poutèt yo te fè sa...Siveye. Poutèt yo t al kot prèt yo, poutèt yo t al kot teyolojiyen yo, e poutèt yo t al jwnenn fòs militè yo, e yo pat menm konsidere mesajè pou tan an ke Bondye te voye a, Nathan, yo te mal fè l. Yo t ale e yo te pran lach la pou mete l sou on nouvo charyo, yo te mete l sou on nouvo charyo, oswa "on nouvo denominasyon ta pral kòmanse," yo pat transpòte l fason òdone, Bondye te bay la. Yo te sipoze transpòte l sou zèpòl sakrifikatè Levit yo. Men, ou wè, lè w mal kòmanse, w ap kontinye mal.

85 Si yon bal fizi sipoze swiv direksyon yon objektif, e ke w devye kanon zam lan yon milyèm, nan depa, a san vèj, ou gentan elwaye w de kat oswa senk pous. Ou te mal kòmanse.

86 O Bondye, ede nou pou n konnen ke bagay sa te mal kòmanse, gran kwazad jodi yo, epi swadizan bagay yo a. Yo pat konsilte Bondye sou sa. Prèt ak moun relijye yo te konsilte.

Òganizasyon te konsilte. “Ebyen, èske w ap gen *entèl entèl*? M kwè, si nou te ka mete tout moun ansanm!” Piga w mete tout moun ansanm. Jis pran Pawòl Bondye a konsènan sa.

87 Apre sa nou jwenn ke, lè yo te fè sa, kisa yo te fè? Yo te oblije kontinye nèt ale ak menm vye pwogram relijye yo a, ki te andeyò Pawòl Bondye ak volonte Bondye. Bagay sa te mouri, sa fè dè zane, vye bagay deseche sa depi dè zane.

88 Li te seche nan jou Seyè Jezi yo. Yo pat konn sa. Li te di, “Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M, paske Moyiz te di M t ap vini.”

Yo te di, “Zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a.”

89 Li te di, “Yo tout te mouri!” Li te rele yo, “Avèg,” Farizyen, kondiktè relijye yo. “Eksepte si w kwè ke M se Li, nou va mouri nan peche nou.” Men yo pat fè l. Yo te si tèlman tabli nan fason pa yo. Yo te oblije genyen l fason pa yo.

90 Se fason sa David te fè l. Li te genyen l nan fason pa l, kifè l te jis di, “Nou konn sa m pral fè? N ap avanse.” Li te g on revelasyon. “N ap deplase kounye a, pou nou ka fè l on nouvell fason. Tan mirak yo pase, kifè n ap jis monte on lòt òganizasyon. N ap bati on nouvo cha, pou montre ke on nouvo bagay te kòmanse.” Ala yon fo pwofesi!

91 Ou dwe retounen fason Bondye te di pou fè l la. Yo te konn mete l sou zèpòl sakrifikatè Levit yo, e sa se te sou kè yo. Lach la, Pawòl la, pa dwe transpòte sou yon nouvo denominasyon, sou teyori yon nonm, men nan kè. Pawòl Bondye a pa dwe manipile pa denominasyon; Li dwe manipile pa kè yon nonm, kote Bondye ka antre pou revele Tèt Li. E si l revele dapre Pawòl la, se Bondye; sinon, se pa sa.

Epi, lè sa, se Pawòl sezon sa! Sèten, on Farizyen te ka di, “Kimoun ki di nou ke nou paka fè *sesi ak sela*?” Moyiz te bannou òdonans sa yo.”

“Men Moyiz te di tou...”

Satan te di, “Ebyen, sa te ekri, ‘Li va bay Anj Li yo...’”

92 Jezi te di, “Sa te ekri tou.”

Sezon an, tan an! “Si nou te konn Moyiz! Gen youn ki akize nou, se Moyiz. Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M,” Li te di, “paske Moyiz te ekri konsènan Mwen. ‘Bondye Seyè w lan va sisite on pwofèt pami nou, pami frè w yo; Limenm yo va koute L.’” Si yo te konn Moyiz, yo t ap konnen L.



93 Bon avèk anpil atansyon, koute, piga w manke sa kounye a. Ou wè, premye bagay, lè yo te konsilte prèt yo, konsilte diyitè yo, konsilte militè, konsilte tout kongregasyon an, vwazinaj la, pou rasanble ansanm pou kokenn reyinyon ki t ap vini an, yo te echwe fè l kòrèkteman. Yo pa t konsilte Bondye. E, poutèt sa, yo pa t retounen pou wè ki tan sa te ye!

94 O, frè, tandè. Nan ki tan n ap viv la? Se ki aj? Nan ki tan nou ye la? Se pa tan pou bagay sa yo ke y ap pale a. Nou sonje baleyaj wòch yo sou montay la? Lè Jijman an! Nou sonje revelasyon an, oswa vizyon Lepouz la? Senpleman pou gade l o pa. Pou pa kite L soti nan ran an.

Remake, "Sou zèpòl prèt yo!"

95 Epi David ak tout prèt yo, ki reyèlman te dwe konn mye, men kisa sa te ye? Prèt yo te dwe konn mye. Eskrib yo, teyolojyen yo, te dwe konn mye, paske Pawòl la te di pou pa fè sa.

96 E jodi a kan yo vle di, "O, Jezikri pa menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Se telepati mantal. Se *sesi*, *sela*, oswa se *lòtbò*." Yo echwe pou wè Pawòl ki te pwomèt la. "O, se te pou on tan pase."

David di, "O, enben, kounye a tann on minit. 'Sou zèpòl--zèpòl prèt yo,' sa se te lontan lè Moyiz te soti. Sèten, noumenm, n ap mete l sou yon nouvo cha jodi a. M g on revelasyon de sa."

97 Prèt yo te di, "Amèn, David!" Ou wè, enfliyanse pa nouvo konsèy ekimenik yo a, ke yo tout dwe ansanm pou fè *sesi* fason sa epi *sela* fason sila, se sa ki te lakoz prèt yo te kilbite. Yo pa t janm konsilte vrè moun lan. Yo pa t fè l kòrèkteman, kidonk yo te nan pwoblèm. Ya.

98 Mwen gen krent, nan anpil bagay jodi a...Kan yon gran anseyan, youn nan pi gran pami Pannkotis yo, te leve kanpe devan gwoup relijye sa lòt jou swa nan Chicago, m te sipoze pran reyinyon sa avèk Òm Dafè sa yo, men m te panse m t ap an Afrik nan moman sa, men m te fenk retounen yon jou anvan sa te kòmanse, e yo te chwazi yon gran entèlektyèl Pannkotis, e li te monte pou di yo ke mouvman ekimenik sa se te on bagay Bondye, e l te di ke yo tout nèt ap retounen, menm legliz Katolik pral retounen nan kondisyon orijinal li, tout moum pral pale an lang kòm evidans, elatriye, san l pa konnen ke se yon pyèj dyab la!

99 E yon nonm ke, m pa t konnen, pafwa ou plante semans, ou pa konn kisa k pral rive, men prezidan Òm Dafè Levanjil Konplè a, menm kote gran oratè sa te chita, li te di, "M pa abitye di anyen kont oratè nou yo, men se pa konsa Frè Branham te di sa t ap rive. Okontrè li te di ke sa ta pral kondwi nan mak bèt la."

Li te di, "Men Frè Branham pa konn de kisa l ap pale."

Li te di, "Nou menm...nou kwè li konn de kisa l ap pale." Ou wè?

100 E se te nan Chicago, li te di, "Konbyen moun isi a ki ta renmen m vin monte la pou bay vèsyon pa m de sa?" Yo te kòmanse ap kriye rele ak tout fòs.

Ou wè, w ap plante semans; ou pa konn kisa k pral rive. Jis kontinye ap etale Semans lan. Kan lè sa va rive, kèk nan yo se...

101 Tankou Thomas, li te apeprè dènye ki te wè Seyè a. men, li te dwe wè L, pou kwè L. Ou wè, kan yo wè sa te rive. O, Thomas, antre, menm si l te on tijan an reta.

102 Bon kan yo te wè bagay sa yo ki te predi, pou ap di ENSI DI SEYÈ A, te rive, alò yo te di, "Bannou enpe nan Lwil ou a." Ou wè?

103 Men kounye a remake, enfliyans. Pafwa gwo zotobre reyini ansanm. Ou tande yo k ap di, "Gran Entèl-entèl, epi gran Entèl-entèl, gran pa nou an..." Piga nou janm fè sa.

Pa gen gran pami nou. G on sèl Gran, se Bondye. Nou se frè, sè. M pa fè ka si w se pastè on legliz ki gen senk moun ladann, sa pa diminye w; sa fè de ou on frè, ou wè, si w fidèl a Pawòl Bondye a. M pa fè ka se kisa, kijan; sa pa diminye w. Bondye pa gen pitit tèratè epi pitit pakèt afè. Li jis gen pitit. Yo tout se menm.

104 Remake, Bondye Limenm te soti kote palè iwwa ak Glwa, pou vin youn nan nou. Kounye a kilès ki gwo zafè a? Li te pran...Li pa t desann isiba pou L te pran fòm on prèt, men on sèvitè. Li te lave ajil menm ke L te kreye a, pye apot Li yo ak lòt yo. Kounye a kilès ki pakèt afè a?

105 Men yo te enfliyanse, se sityasyon mesye sa yo. Yo pa t konprann. Yo te panse ke yon bagay nouvo ta pral rive, non, on bagay ke Bondye pa t di ta pral rive. Yo te abòde l movèz fason an.

Se sa ki te lakoz tout eksitasyon sa, kan...sa te kòmanse byen avan, sa fè trè lontan, chak denominasyon te oblije gen yon gerisè Diven; chak denominasyon te oblije g on ti David. Yo chak te oblije gen *sesi*, *sela* ou se *lòtbò*. Ou wè sa k te rive? Sa te fè menm bagay ke l te fè isi a. Menm bagay la. Enfliyans!

106 Pawòl pou sezon an, tan yo t ap viv ladann lan, te inyore.

107 Remake, "zèpòl prèt Levit yo," te fason orijinal la, ke Bondye te founi pou fè bagay sa yo. "Transpòte lach sa sou zèpòl prèt Levit yo." Tout bagay andeyò sa te kontrè. Sa L di a, se sa L vle di. Bondye paka chanje. Se poutèt rezon sa, rete ak Pawòl Li a! M gen Ekriti a, ya, 1 Kronik 15:15, si w vle ekri l. remake.

108 Bon remake, la, pandan n ap suiv Bondye. Kounye a m vle w on jan gade sa nanpanse w. Pou kenbe kòmandman Bondye yo, pou fè nenpòt bagay la kòrèkteman pou Bondye, pou fè--rann Bondye on sèvis kòrèkteman, gen senk kondisyon obligatwa, pou rann Bondye sèvis kòrèkteman.

109 Bon David t ap rann Bondye sèvis. Li t ap fè tout sa l te konnen, sof ke li t ap mete Bondye de kote. Ou wè? Li t ap f on bagay ki te kòrèk, on bagay ki te byen pou pèp la, on bagay ki te byen pou legliz.

110 Men senk kondisyon obligatwa sa yo, m vle w sonje yo. Pe enpòt jan on nonm ka sense pandan l ap fè sa, rann Bondye on sèvis, sa, senk kondisyon obligatwa sa yo dwe la.

An premye, sa dwe tan pa L pou fè l.

111 Sa k t ap genyen si--si Moyiz te vini, pou di, "Nou pral bati yon lach pou flote sou rivyè Nil la, tankou Noye te fè"? Tan Noye a te kòrèk pou yon lach, men pa tan pa l la.

112 Sa k t ap rive si Jezi te vini, pou di, "Bon M pral di nou kisa nou pral fè. Nou jis pral monte sou montay la, tankou Moyiz, epi pwodwi on nouvèl deklarasyon lwa"? Ou wè? En-en! Li te lwa sa. Ou wè?

113 Ou dwe retwouve w nan tan pa L. Sa dwe nan sezon pa L. Nou sezi sa la? Sa dwe nan tan pa L. Sa dwe nan sezon pa L, tan ak sezon.

114 E sa dwe selon Pawòl pa L ki te pwononse. Li oblije. M pa fè ka jan w kapab byen di *sesi* dwe rive, ou *sela* dwe rive, ou *sesi* dwe rive. Sa dwe selon Pawòl pa Li, dapre tan pa L ak sezon pa L.

E sa dwe bay pa, moun Li te chwazi pou fè l la.

115 M pa fè ka de kantite diyitè. Men wa David, jis osi gran ke nenpòt ladan yo. Li te wa sou nasyon an. Men Li te g on fason pou fè sa, e Li te fè yo konnen jan Li t ap fè l. Men yo te echwe pou yo te fè l.

116 Sa dwe selon Pawòl Li, selon tan L, selon pwogram Li.

117 E sa dwe vini pa moun Li te chwazi pou bay li e pou fè li. Moyiz te eseye eskive l, "Pran on lòt moun." Men Bondye te chwazi Moyiz pou fè l. Anpil nan yo; Pòl te eseye retire kò l ladann; anpil lòt. Men sa dwe vini pa sila Li chwazi pou fè l la.

E sa dwe vini, dabò, a pwofèt Li. Pawòl Bondye a dwe vini a pwofèt Li. Amòs 3:7, "Bondye Seyè a pap fè anyen san L pa revele l dabò a sèvitè pwofèt Li." Katryèmman.

118 E pwofèt la dwe konfime pa Pawòl Bondye a.

119 Men senk kondisyon obligatwa w yo. Sa dwe konsa. Tan pa L, Sezon pa L, lè L te di sa tap rive a; e nonm ke Li te chwazi a; e sa dwe vini a pwofèt la; e pwofèt la dwe yon pwofèt konfime. Nou jwenn ke, anpil ladan yo nan Bib la, sa te al jwenn pwofèt ki pa t konfime. Pwofèt pa nou se Jezikri.

120 Kifè remake kounye a, ou wè, Bondye pa t revele bagay la ba yo pa mwayen Li te founi pou fè l la. Yo te aksepte fason pa David la. Yo te aksepte fason pa prèt yo. Yo te aksepte fason pa eskrib yo, fason pa teyolojiyen yo, men pa fason pa Bondye a. Nathan-ael, te, li te pwofèt pou tan an. Pita, Nathan-ael te di yo jan pou fè l. Men, ou wè, yo te fè l san konsilte Nathan-ael. Pa gen yon mo ki di ke yo te konsilte Nathan-ael. Tout enfliyans, gwo bagay la te an mach! E, o la la, m ap panse a kantik sa, “Ann, gade...”

Ede m, Seyè, kan kè yo ap pran dife,

Kite m imilye ògèy mwen (pou ale ak rès yo),

Jis pou ap envoke Non W;

Anseye m pou m pa apiye sou sa lòt yo ap fè,

Jis pou ret tann nan lapriye yon repons ki vin de Ou.

Ou wè, se fason sa pou fè l. Pèmèt mwen wè l rive fason kòrèk la, alò moun va kwè.

121 Kounye a, Bondye te revele bagay la pou yo pa David, epi pa minis yo, epi pa pèp la, e pa kapitèn milye yo, kapitèn santèn yo, men pa pa Nathan-ael ki te gen ENSI DI SEYÈ A. Poutan Seyè a di Li pap fè anyen san L pat montre, dabò, a pwofèt aj sa, sa k pou fèt. Èske w wè kisa yo te fè? Yo te soti drèt andeyò Pawòl Bondye a, yo t al mete lach la sou yon nouvo charyo. Ou wè? Kifè yo te pati fè l san kòmandman Bondye e san fason Bondye te founi an.

E se sa k rive jodi a, zanmi. Se poutèt sa nou gen si tèlman gwo kwazad, elatriye, san rezilta. Plis enfidelite, plis peche, plis...Kite m di w, nasyon sa fini; non sèlman nasyon sa, men lòt nasyon yo. Nasyon sa, menm jan ak Angletè nan yon lòt aj, se pwostitiye tout rès lòt nasyon yo.

122 Nan fon Mozanbik, katsan katreven mil lwen sivilizasyon, nan jeng, timoun tankou Beatnik ap tandè Elvis Presley, ap sekwe tèt yo pou ap balanse l monte desann konsa, tout lannwit, ak...Oswa ti aparèy tankou sa pral atire a dè milye de mil de distans, pou ale jouk an Rhodesie, w ap jwenn Elvis Presley. Poutan yo di, “Li trè relijye, li menm ak Pat Boone, ak lòt.” Ebyen, se Jida tan an, e li pa konn sa. Se move kote a, yo kwè ke yo---yo kòrèk.

Èske Jezi pat di Aj Legliz Lawodise sa, ke “Ou toutouni, mizerab, pòv, avèg e ou pa konn sa”? Ou pa konn sa!

123 Ebyen, timoun Pannkotis anba an Afrik e toutotou, di, “Enben, Elvis pesley, li se pi bon chantè ou te janm tande.” Pa gen dout David tou; pa gen dout chantè yo te fè sa tou, men sa te koze lanmò frape kan an. Ou wè kote yo ye, kote nou ye jodi a, zanmi?

124 “Zèpòl prèt Levit yo,” se te fason orijinal Bondye pou w te fè l. E yo te mete l sou yon nouvo charyo. Bon, sa pap janm mache. Yo pa t konsilte fason kòrèk la. Ou wè? Kifè yo te deyò, konsènan sa, e yo te abòde l movèz fason an.

125 E se sa k rive jodi a. Kan lèzòm, pe enpòt jan yo sensè, ap eseye rann Li on sèvis andeyò de fason Li te founi pou revele l, yo te toujou gate sa. Bondye te tabli l fason pa L. Lèzòm, pe enpòt jan l sensè, va eseye fè l andeyò de sa, ou---ou va gate l.

126 On bagay tankou Balaram, nan tan Balaram. Bondye te di Balaram, pwofèt sa. Li t on pwofèt, pwofèt Balaram. Li t on pwofèt, e Pawòl la t al jwenn li egzaktman, sa te di, “Pa desann anba la. Sa se seleksyon pa M. Sa se chwa pa M.”

E Balaram te retwouve l avèk diyitè yo, lèzòm militè, predikatè, dèzòm enfliyan, pou di, “Ebyen, m va---m va di nou, wa a pral...”

Ou wè, jis menm bagay ak David, menm bagay ak jodi a. Jis pran tout bagay dapre yon tip, e ou va wè l. Ou sezi l? Di, “Amèn.”

[Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Ou wè, ou wè, jis jan l ye kounye a.

127 Men manm klèje yo te di, prèt--prèt--prèt yo te di, eskrib yo te di, teyolojyen yo te di, “Sa a se fason li sipoze fèt.” Men, se pat sa, e sa te pwouve ke se pat sa.

128 E Bondye te di Balaram, e l te yon pwofèt, an premye, Li te di l, “Piga w desann.”

129 Men enfliyans lòt mesye sa yo te koz li fè l kontrè a sa Bondye te di fè, e sa vin yon malediksyon olye de yon revèy. O, sèten, li desann la e l te anseye pèp la, pou di, “Bon ret tann! Nou konn on bagay?” Li te di, “Nou se--nou se Moabit. Nou sonje, pitit fi Lòt la se rèn nou. Se li ki a lorijin nou. Nou tout s on sèl san. Nou tout se...Nou tout denominasyon yo nou se menm.” Piga w melanje w ak bagay sa. Rete lwen. Ou wè? Kifè li te di, “Nou tout se menm. Ebyen, pèp ou a se tankou pèp mwen an. Nou ka marye ansanm, youn pami nou, kifè nou ka g on vrè konsèy ekimenik. Ou wè? Nou tout nèt nou ka reyini ansanm pou retounen nan bagay orijinal la ankò.”

Bondye te modi bagay sa. Peche sa pat janm padone pou Izrayèl. Li te rete avèk yo tout rès vi yo. Yo pat janm te padone yo. Yo te peri nan dezè a avèk sa. Se vre. Paske yo pat pran fason Bondye te founi an pa fason konfime pa L pou fè sa.

130 Remake, bagay sa ke yo te fè a te koze lanmò pou Izrayèl, nan dezè a. E Jezi di, “Yo tout te peri pèdi.” Obsève kimoun ki te kanpe ak Moyiz lè sa: Jozye ak Kalèb, nan--nan pwogram lan.

131 Remake ankò, men David, kisa l te fè. E kan l te fè l, kisa sa te fè? Sa te lakoz lanmò te frape on moun sensè.

Bon, m kwè nou toujou konekte, e m vle nou tanke atravè peyi a.

Bagay sa ke David te fè a, san konsilte Nathan-ael pou jwenn Pawòl Seyè a pou sa, sa te koze lanmò te frape moun sensè. Wi, mesye. Li te lonje men l, ki te siyifi ap viv nan prezans lach la; sa te soti--soti lakay li. E bèf la te kilbite, e lach la ta pral tonbe.

132 Yo te deja f on bagay ki pa t kòrèk, de bagay ki pa kòrèk. Premye a, yo pat janm konsilte Nathan-ael. Pwochen bagay yo te fè, yo te desann anba la san konsilte Pawòl Bondye a. Ki se,...Samyèl te Pawòl la nan jou sa...E li pat janm konsilte Pawòl Seyè a. Apre sa, lè yo te fè sa, yo te ale kontrè ak Pawòl Bondye a.

E isi a nonm de byen sa, ki te pòtè a, li t on evèk, li te panse, “Ebyen, la, m pa vle pou Bondye sot tonbe,” kifè li te mete men l sou lach la. Pandan, li pat on prèt Levit, e li te mouri. Twa bagay!

133 Kounye a panse seryezman, e obsève sa denominasyon yo te fè jodi a. Ou wè, yo te kite L tonbe, yo te rele L “fos doktrin.” Ou wè? Gade kote yo ye. Yo va gen konsèy ekimenik yo. dakò. Ap rele L “telepati mantal,” pandan ke Bondye Limenm ap konfime L kòm etan Laverite, pou ap pwouve ke Se Laverite. “O, yo se jis on ti gwoup enbesil anwo la,” yo di, “nou pa konn de kisa y ap pale a.”

Se vre, nou pa konnen. Men nou jis di Pawòl Li, e Li konn de kisa L ap pale, ou wè. M paka eksplike L, okenn lòt pa kapab, men Li--Li--Li pwouve L.

134 Kounye a, remake. Gen anpil kwayan sensè jodi a, ki vin jwenn Kris, ki vle vini ak tout kè l, li mouri espiyèlman menm jan an. Anpil moun sensè ale nan legliz Katolik epi li vle vin yon Kreyen, l ale nan Methodis, Batis, legliz de Kris, e menm nan Pannkotis, ou wè, e li vle vin yon kreyen, poze men l sou li, li jwenn ak yo.

135 E lè David te wè bagay sa rive, sa reveye l. Pa reveye twò ta deyò a la, frè. Li te wè ke lanmò te frape.

Montre m rezilta yo. Poukisa swadizan revèy sa a, ki fè moun tounen nan legliz yo, fè nan peyi a, pou-pou kò kwayan yo? Se pa lòt bagay ke fòme nouvo òganizasyon ak denominasyon, nèt ale, ak plis manm e latriye. Èske nasyon an pi byen? Yo te di yo te ale nan...

136 "Etazini. Bondye beni Etazini. Li se-li se yon nasyon, li se yon peyi Kretyen. "

Li a yon milyon mil pou l t a yon peyi Kretyen. Mwen pa menm lapriye pou li. Ki jan mwen ta fè priye pou li, e li p ap repanti anba pouvwa pwisans Bondye ki demontre devan li; li nye, e li fèmen pòt devan Li, epi li mache al fè wout li? Mwen remèt li bay Bondye. E li prale pi lwen. E koulye a li pral koule. Jis gade kisa ki rive.

137 Anpil moun sensè ale jwenn yon òganizasyon, oswa yon gwoup, oswa yon sèk kèlkonk, e la yo mouri, espiryèlman. Ou pa ka di yo anyen. Yo klouwe bagay sa yo anndan yo, "Poukisa, evèk sa yo te di sesi. E sa a te di si, sila a te di si. " Ou montre yo isi a drèt nan Pawòl Bondye a kote se SE ENSI DI SEYÈ A. "Men, pastè nou an ..."

Mwen pa okipe m de sa pastè w di, mwen pa okipe m de sa mwen di, oswa nenpòt sa yon lòt moun di. Si li kontrè ak Pawòl Bondye ki konfime a, lè a, tan an, Mesaj la, e latriye, bliye sa. Rete lwen li. E, mwen dwe kanpe devan nou chak nan Jou Jijman an, e nou konnen sa. E se yon ti bagay pou m t a di ke, mwen konnen mwen fin vye kounye a. Mwen pral ... Se pa ke mwen konnen yon bagay, men Li konnen. Mwen jis swiv sa li te di.

138 Gade jòdi a gwo kwazad yo ke nou gen nan tout peyi a. Li pwouve ke se pou granmesi. E èske Jezi pa t di isit la kounye a, Lik 7: 7, "Se pou granmesi yo adore mwen"? Se pou granmesi David te pote lach alyans lan. Se pou granmesi Akab te antrene pwofèt sa yo. Se pou granmesi Balaam te pran lajan sa a. "Yo anseye pou doktrin kòmandman lèzom." Se kòmandman Bondye yo ki konte, kèlkeswa jan peche- ...

139 "Moun sa yo reyèlman sensè." Ou tande sa si tèlman, "Yo si tèlman sensè." Sa pa vle di anyen. Temwen Jeyova, Advantis Setyèm jou, ak tout sèk sa yo, soti isit la nan lari a pou fè bagay ke youn nan nou pa tap fè. Katolik yo kanpe nan kwen an k ap mande, e latriye, lòd sa yo ki soti nan li tankou sa a, e sa vo de milyon fwa de milyon fwa de milyon de dola, yo toujou ap mande sa. Sensè, pa gen oken dout. Legliz yo ale e-e yo preche, e latriye, e minis yo kanpe sou chè a epi yo fè tout sa yo kapab pou yo pote nouvo manm nan legliz yo; men se yon nouvo lach alyans.

Genyen yon sèl Lach alyans pou swiv, se, Pawòl Bondye a. Nenpòt bagay ki kontrè ak Lach alyans sa, rete lwen li! Li sou yon nouvo kabwèt, e pa sou zepòl Bondye yo. Se vre. Rete lwen bagay sa. Pa gen anyen a fè avèk li.

140 Gwo kwazad nou yo, dè milya ak dè milyon te fè konfesyon. E mwen doute si ap gen yon santèn nan yo, nan tout pil sa. Ou wè, se pa anyen.

Kifè gade a Pawòl pwomès la.

141 Ou pral panse ke sa echwe, e nou konnen li echwe. Gen kèk nan-nan pi gwo moun k ap fè revèy nan peyi a jodi a ki di ke li echwe nèt. Legliz la konnen li echwe. Tout moun konnen li echwe. Ebyen, poukisa? Poukisa li te febli?

Se te pou yon bon kòz. Se te pou mennen moun nan prezans Bondye, gwo kwazad yo. E dè milyon de moun te depanse lajan yo, e yo mete li nan gwo kwazad. E tout legliz yo te reyini, gwo oditoryòm, ak gwo bagay, ak gwo bagay ki te fèt. Poukisa li te echwe? Se paske yo pa janm rekonèt lè yo t ap viv la.

Se pa etonan ke Jezi te kanpe, epi Li te kriye nan kè Li. Dlo te pran kouri sou jou Li yo, Li di: "Jerizalèm, O Jerizalèm, konbyen fwa mwen vle kouve w tankou yon manman poul fè pou ti pousen l yo (ou te kalonnen ak wòch tout pwofèt mwen te voye ba ou yo), men ou pa vle! Men koulye a, lè w rive. "

142 Èske ou pa santi Sentespri a ap kriye nan ou? "Oh, Etazini ak mond lan, konbyen fwa mwen ta vle rasanble nou, men nou pa vle. Koulye a, lè nou rive. Dye plezi nou an, dye enpidicite nou an, dye Sodòm ak Gomò nou an, vini nan mitan nou. " Menm timoun piti nou yo, koup cheve beatle ak ti chichi atravè figi yo, e se ti pèvèti ki kòmanse ap devlope. Fanm nou yo ale. Sa depase redanmsyon. Mesye nou yo tounen gwo efemine, k ap mache alantou ak ti pantalon sou yo, epi y ap aji tankou fi, epi cheve yo pandye desann sou kou yo. Epi nou se Sodòmit, e dife a ak kòlè Bondye ap tann nou.

143 Ou konnen ki jan li pral touye, ki jan li pral detwi l '? Fason li te toujou konn fè. Lè yon prostitiye te fè sa ki mal, yo te konn kalonnen l ak wòch jouk li mouri; yo te konn ranmase wòch pou touye yon fanm ki te yon prostitiye. Se konsa, li pral touye legliz la. Bib la di ke li pral fè lapli lagrèl soti nan syèl la, ki pral peze yon santèn liv pa moso, epi li pral kalonnen l ak wòch. Ki moun ki pral rete li? Ki syans ki pral di ke sa pa ka fèt? L ap fè li.

Menm jan li te fè yon lach epi Li te fè Noye flote an sekirite, Li pral fè l ankò pou legliz Li a.



E ak Pwòp Iwa Li yo e ak Pwòp fason Li, Li pral kalonnen ak wòch protitiye sa a ki te fè adiltè ak wa yo ak kapiten dè santèn ak dè milye yo. Li pral kalonnen l ak wòch jouk li mouri avèk Pwòp Iwa Li yo ke Li te òdone. Ki moun ki pral di Li ke Li pa ka fè lagrèl?

144 Mande yon moun ki konnen ki jan yon gout lapli kòmanse. Epi li fè yon sèk, epi li retounen nan yon tib; li ranmase pi plis ak pi plis, jouk li vin gen yon sèten pwa, epi Lè sa a, li tonbe.

Li, Bondye, ki ... gravite pa t ka menm kenbe l sou tè a, e Li te moute nan syèl la. Bondye, ki te fè gravite, kapab fè tou yon tib gwo ase pou l balanse yon wòch jouk li vin peze san liv. Li te di ke Li t ap fè li, e L ap fè l. Ki moun ki pral di L pa fè li? L ap fè li, paske Li te di ke L ap fè l.

145 Nou nan dènye jou yo. Nou kanpe tou pre jijman an. Poukisa? Y ap eseye manje vye laman ki te tonbe depi plis ke senkant lane , legliz pentkotist la. Legliz la sentete ap eseye, plis pase de san lane de sa. Literen yo, anviwon twasan, oswa plis, plizyè lane de sa, plizyè santèn ane de sa. Yo ap eseye manje yon vye laman. O, frè, bagay sa yo kowonpi. Li kontamine. Li pral ... Li gen- li gen ... Poukisa, mwen toujou di, gen lav ladan l, ti vè. L ap touye ou, si ou manje l.

146 Chache konnen si David oswa si nenpòt nan rès ladan yo te sèlman konsilte Pen pou lè sa a.

Si prèt yo, ak pwofèt yo, ak predikatè yo, ak tewolojyen yo, ak lekòl yo, ak denominasyon yo, ta sèlman konsilte lè a! Men kounye a, li pa p itil yo anyen. Li deplase. Sa pa p ede yo yon ti kras. Li fini kounye a. Li travèse liy sa a anviwon senkan pase, ant repantans, jijman ak mizèrikòd.

147 Remake, kisa alò? Kisa ki kab fèt? Ki sa ki dwe fèt? Se pou nou konsilte pwofèt la, Bib la, kote nou pa ka ajoute ni retranche. Si nou fè sa, Bondye ap retire nou nan Liv Lavi a.

Bib la te di, nan Malachi 4, ki sa ki ta rive jodi a. Revelasyon 10, ki jan Sèt So yo ta louvri epi revele tout mistè sa yo ki te kache nan refòmatè sa yo! Li te di ki jan li ta dwe fè. Li nan Bib la, SE ENSI DI SENYÈ A. Bondye gentan konplètman, pafètman idantifye sa; e konfime ke Li Verite , ak siy, mirak nan lèzè, nan syèl la, ak tout lòt bagay, pou trant-twa lane sa yo.

Ou panse yo pral koute Sa? Non. Yo mouri. Yo te mete men yo nan yon bagay ki te touye tout rès bagay la. Non, li pa p rive; li pa p rive, pa janm pa gen okenn ankò.

148 Lè bagay sa yo rive, David wè sa. O Bondye, voye nou yon David ki ka wè ki kote li kanpe, ki ka gade epi wè Bondye te fè yon pwomès, ki jan li pral fè li jodi a. Bondye te di li dwa isit la nan Pawòl Li, ki jan li ta fè li.

149 Bondye te di Miche. Miche te egzamine vizyon li devan kat san pwofèt ki chaje dinyite. Li egzamine vizyon li pou l wè si li te bon. Li retounen gade sa pwofèt la te di avan li pou l 'wè sa ki te pase. Li gade dèyè, li wè Eli kanpe la, li di: -Akab, chen pral liche san ou. Kounye a, li wè donk ke vizyon sa a te mache egzakteman dapre Pawol Bondye, donk li pwononse l. Epi li te kòrèk. Kòrèk. Pa gen pwoblèm rès pami yo te di, li rete dwat ak Pawòl sa .

150 Kounye a, kite n gade vizyon nou genyen jodi a. Èske l ap bati legliz; èske se yon nouvo bagay; èske se gwo bagay ki pral rive? Oswa, èske se jijman? Retounen gade pou wè pwomès la nan jounen jodi a, wè se nan ki sezon n ap viv la

151 Ou di, "Bon, beni Bondye, frè, mwen sensè. Mwen rantre nan legliz. Mwen te resevwa bakaloreya mwen nan atizana. Mwen te fè sa. " Se trè byen, se korek, pa gen anyen kont li; Se konsa, alò te gen David, se konsa te gen prèt yo nan jou sa a, se konsa te gen tewolojyen yo. Men, li te kontrè ak Pawòl la.

152 Bondye te di kouman li ta fè li jodi a, kijan li retabli tout bagay, ki sa li va fè ankò. Li te pwomèt l ap retabli. Se egzakteman sa. Nan Joel 2:28, Li te pwomèt li va retabli. "Mwen pral retabli," di Seyè a, "tout lane sa yo ke cheni manje." Yo te resevwa yon di- ... Gade, se menm vè a k'ap manje; li nan yon etap diferan nan lavi. Men, lè Katolik te kòmanse manje, Lè sa a, Literyen, ak Metodis, ak Pennkotis, ak tout lòt yo, desann; Li te di, "Mwen pral retabli tout bagay tounen nan yon Legliz egzateman tankou sa ki te la an premye a."

153 Gade vizyon nwit pase a. Egzakteman menm Epouz la menm vini bò sa a, vini bò sa a. Apre sa prostitiye yo pase ak rob yo sou, vye bagay yo a moute konsa, epi y ap danse mizik ròkenròl, epi rele tèt yo Legliz la.

Ou di, "Oke, nou pa fè sa."

Se fason Bondye wè ou. Se pa jan ou wè pwòp tèt ou. Se fason Bondye wè ou. Pa gen moun ki wè tèt li mal. Lè w gade nan glas nan Pawòl Bondye a, Li di si w antò oubyen non. Si David ta fè sa, li ta p wè kote li antò. Si Ahab ta fè sa, oswa pwofèt yo ta fè sa, yo ta wè tèt yo antò.

154 Yon pwofèt konfime te di, "Akab pral mouri, epi chen yo pral liche san li." Ak pwofesi li a te egzakteman ak Li. Lè sa , li te konnen li te kòrèk. Menm Jozafa ta dwe wè sa epi rekonèt li.

Lè Miche wè vizyon an, li pa t vrèman an akò ak moun mam epòk sa. Men li te gen ENSI DI SEYÈ A. Li te korèk.

155 Gade, n ap mennen bagay sa a kounye a nan jou sa, lè nou lè Grandyoz nou an rive.

Remake kisa David t ap eseye fè, menm jan. Mwen te gen yon ti nòt isit la sou sa. Li te eseye pote lach alyans lan nan batiman site David la, pwòp denominasyon li.

156 Gade tounen deyè lè Seyè a pale premye fwa isit la bò rivyè a, "Menm fason Jan Batis te presede premye arive..."

Frè, asanble yo pa t kapab aksepte saa, ni tou yo pa t kapab Uni yo tout. Yo te oblije gen youn yon kote. A, yo tout te oblije fè li, wè, trè egzakteman. Yo tout te pote l 'bay pwòp kay yo.

157 Te vle mennen l 'nan site David la. Poukisa? Pa t gen okenn plas prepare pou li.

Epi se rezon ki fè ou pa ka pote Mesaj la nan yon denominasyon. Pawòl la, Lach alyans la, Kris, "Menm lan yè, jodi a, ak pou tout tan," ak tout idantifikasyon Li, ou pa ka pote li nan òganizasyon w la. Yo pa p janm kwè ke Li, paske pa gen plas pou Li. Èske Bib la di ke li te deyò legliz la nan Laj Laodicean a, Lap eseye antre anndan?

Pa t gen okenn plas nan site David la, pe enpòy ki jan w rete fidèl, ak ki jan li te gran, epi- epi elatriye. Se pa t ankò plas la. Se t ap pral nan Jerizalèm. Se la li te ale a pita, lè pwofèt la te di yo sa yo dwe fè ak li. Gade? Konsa, David te te oblije pote l 'nan pwòp site l. Pa t gen plas prepare pou li.

158 Kris la se Lach Alyans nou an, epi yo pa p resevwa Li. Kris la se Pawòl la; yo pa pral resevwa li. Yo vle kredo yo, denominasyon yo, yon nouvo lach alyans, oswa-oswa yon nouvo pòtè. Yo vle denominasyon a pote li; yon nouvo lach alyans. Hum!

Sonje, Kris Lach Alyans nou an! Ou kwè Kris se Pawòl la? [Kongregasyon di, "Amèn." - Ed.) Sa a se Lach Alyans la, alò. Èske se vre? Trè byen. Kris pa ka gen yon potè, pou mennen L nan bon pozisyon L, pa okenn charyo denominasyonèl. Li trete ak yon sèl moun, pa ak yon gwoup. Li pa janm trete ak yon gwoup; men yon sèl moun. Lè, Li te di Li pa p fè sa. Si L te fè sa, Li t ap kontredi Pawòl li, Amòs 3: 7. Ou pa ka fè L bay manti. Non, mesye. Se Verite.

159 Men, gade, yo eseye. Lach Alyans la pa t kapab vini pa yon òganizasyon. Gen twòp tèt nan li. Wè? Sa pa kab fèt. Li te pwomèt Li pa t ap fè sa, e li pa p pral fè sa. Li te di ... lè Li te

pwomèt- lè Li te pwomèt L ap fè li yon lòt fason? Sa a se rezon ki fè Li te pwomèt Li pa t ap fè sa.

Pa panse ide sa yo. Mwen ka santi sa. Wè?

160 Alò, Li-Li te pwomèt ke li ta va fè l 'yon sèten fason, E nenpòt ki bagay ki kontrè ak sa Li pa p fè li. Gade? Men, pa fason orijinal li, dapre sa li te di nan Amòs 3: 7, sa se fason ke Li pral fè sa. E sa dwe konfime epi prouve ke se kòrèk.

Kounye a, ou konnen kisa Li te pwomèt jodi a, alò l ap fè sa jodi a. Se jis sa li te di ke li ta fè. Li ta louvri Sèt So yo, epi tout sa li va fè; revele mistè tan pase yo, ki jan batèm ak tout bagay sa yo tou melanje. E men li, nan vrè Prezans li. Lasyans pwouve li. Syèl la te deklare li. Moun kanpe, gade dirèk ladan l, e wè sa rive. Pa gen yon sèl bagay Li te di ke Li pa t prouve. Men li. Jis pou kab wè ki kote nou ye nan jodi a.

161 Kijan yon moun ki gen lespri Li, ki konnen li; ki gen lespri Bondye sou li, konnen Sa a se Laverite paske Lespri Bondye a pa pral pale kontrè ak Pawòl la. Non, non. L ap anliye l dirèk ak Pawòl la.

Ou di, "Mwen te resevwa Sentespri a. Mwen rele byen fò; Mwen te pale an lang. Mwen danse nan Lespri Bondye. " Sa pa vle di yon sèl bagay pou Bondye. Wè?

David te fè menm bagay la tou, pratikman menm bagay la, nan epòk sa. Yo t'ap chante ak tout fòs li. Li t'ap rele byen fò ak tout fòs li. Tout rès nan yo te fè sa, epi yo te mache dwat nan lanmò. Se kòrèk. Sa pa gen okenn rapò avèk li.

162 Se Pawòl la ki konte, Pawòl Senyè a. "Moun ki konte sou Senyè a." Wi, mesye. Wè, sa yo ki gen Lespri Bondye nan yo, gade pwomès la pou jodi a, epi obsève epi rete tann jiskaske yo wè Li. Lè sa, yo di, " Se Sa." Bondye revele Li bay yo.

163 Menm jan ak Natanayèl. Filip al jwenn Natanayèl. Natanayèl te di, "Kounye a, tann yon minit. Mwen konnen ke sa te pwomèt, men kite m wè Li. " E lè li te wè Sa, li te di, " Se Sa."

164 Li di, "Vin wè yon Nonm, men Li." Li te tann jiskaske li te wè Kris sa a te idantifye pa Pawòl Bondye a, apres sa li di, "Se sa nou tap tann, kat-sanzan. Nou pat gon pwofèt ou anyen. Men Li, epi Li Limenm di ke Li se Li." [Espas vid sou kasèt-Ed.] " ... soti epi wè yon Nonm ki di m bagay ke m fè yo."

Men, prèt yo te vle touye L, epi yo finalman fè l. Wè? Men, yo pa ka touye Lespri L jodi a. Se vre. Non, yo pa ka touye Li. Li te vini pou mennen nou a Li, se poutèt sa nou rekonesan. Remake ki jan Bondye gran, ki jan zèv Li gran, kijan li pa ka janm fayi!

165 Kounye a, Bondye gon jan orijinal pou fè bagay yo, epi Li pa janm aji otreman.

166 Kounye a, Li te pwomèt sa Li tap fè nan dènye jou yo. Epi Li te pwomèt voye yon Mesaj; epi Mesaj sa a tap gen menm idantifikasyon Eli te genyen, Elize te genyen, Jan Batis te genyen. Epi Li tap ramne kè moun yo, non pa a denominasyon an, men ramne papa apostolik orijinal yo, a Pawòl la. Jan bagay sa yo te konfime! Jan nan pwoklamasyon dènye anj lan, Apokalips 10, “Nan jou setyèm anj lan, mistè sa yo ki tout te... “

“Poukisa Methodis yo fè sa, epi Batis yo, epi legliz Kris la, epi Temwen Jewova yo, tout fè sa?”

“Mistè sa yo pral revele nan dènye jou a, lè Mesaj setyèm anj lan... setyèm anj lan, lè li...” Pa lè li pral kòmanse fè l, men, “Lè li pral kòmanse pwoklame Mesaj Li.” Wè? Pa ane preparasyon yo, men, “Lè li pral kòmanse pwoklame Mesaj la, mistè sa yo pral revele lè sa a.” Epi yo la a; san yo pa konnen yo, epi nou tout temwen sa a.

167 Epi nan gwo obsèvatwa sa a, pou ke mond lan san, yo toujou ap mande sa ki te pase. A Tucson, gwo obsèvatwa yo te pran foto l anlè a; toujou ap mande sa ki te pase. “Kisa li ye?” Yo toujou mete nan jounal la, “Èske yon moun konnen on bagay sou sa ki, kijan sa ta ka rive?” Pa gen bwouya anlè a, pa gen lè, pa gen imidite; trant mil de wo nan lè a. Oh, lala!

“Pral gen siy nan syèl la anlè a. Epi lè bagay sa yo pral rive, tranblemanntè nan divès kote, lè sa a pral parèt nan syèl la, siy Fis de Lòm lan.” “Jou sa a,” nan Lik, “Fis de Lòm lan pral revele tèt Li ankò; alò ke Li revele, Limenm.” Epi mond lan pral sanble Sodòm ak Gomò. Oh, lala!

Frè m yo, pa inyore bagay espiryèl yo, wè. “Etidye Ekriti yo, paske nan Yo ou panse gen Lavi Etènèl, ou gen Lavi Etènèl; epi se Yo ki temwaye de Pawòl la.” Se Yo ki temwaye de Verite a, bagay ke Bondye ap fè nan moman sa a.

168 Epi kounye a, kisa? Moun ki gen Lespri Bondye a, ap tann bagay sa yo. Epi lè yo wè bagay sa yo, yo kwè bagay sa yo. Jezi di: “Pa gen pesonn ki ka vin jwenn Mwen si Papa M pa atire li. Epi tout sa Papa a ban Mwen,” Li se Pawòl, “yo pral vin jwenn Mwen. Yo pral vin jwenn Mwen.”

169 Mwen te trè di maten an, wè. Yap tann Seyè a, y ap tann; epi lè yo fè l, epi ke yo wè pwomès sa a jodi a, ki konfime, li renouvle lafwa yo nan Pawòl Li. Paske , Li te pwomèt fè li,

epi men Li kap fè li. Alò, pa gen dout. Bondye pale. Pawòl Li, an premye, pale. Epi apre, Lespri ki pote Li, fè sa Pawòl la te di, ke Li tap fè.

Oh, nou gen anpil imitasyon. Nap gen anpil toujou, moun ki gen kè sensè kap eseye fè bagay de tèl ou tèl fason, men gade sa kap pase. Moun pral mete men yo, epi apre-apre yo mouri. Wè, remake.

170 Okenn pwojè moun de denominasyon ap janm mache, yap fè manm pou pwòp ach denominasyonèl yo a, ke yo konstwi yo menm. Bondye pa janm gen yon denominasyon. Li pa janm gen yon denominasyon. Epi son bagay fabrike pa lòm.

171 Epi map mande tèt mwen, jodi a, si avèk tout rekritman nou, gwo kwazad nou epi revèy nou, nou pa ranpli ach Metodist la, ach Batis la, ach Presbyteryen a! Men, e pou Ach Kontra Kris la, Pawòl la?

Epi si Epouz la dwe Pawòl la, alò Li dwe de Kris, on pati de Epou a. Li dwe Pawòl la; pa Pawòl pou jou Li; Pawòl pou jou jodi a ke Li te pwomèt pou jou sa a, ke Li te voye Pawòl Li pou fòme Epouz epi kreye Li. M espere ke nou wè li! Pa fè pwòp ide nou kounye a, epi pa pran lide yon lòt moun. Pran Pawòl ki konfime isit la, Bib la. Li di.

Bondye te pwomèt nan Pawòl Li kijan Li tap chwazi Epouz Li nan dènne jou sa a. Èske nou te konn sa? Li te pwomèt li, kijan Li tap fè l, pa plan orijinal Li pou chwazi Kris, pou chwazi tan an, chwazi sezon yo, ki jan li ... Li pa ka pa fè l, pou Epouz Li, paske Li fè pati de Pawòl sa a.

Li pa ka chwazi L pa yon denominasyon, alò ke Li pa t chwazi Kris pa yon denominasyon. Èske Kris te vini nan yon denominasyon? Èske li te vini pa yon denominasyon? Non. Yo te rejte Li. Ebyen, se sa denominasyon yo fè lè sa a. Alò, lè Li chwazi yon Epouz, èske Li ka vini otreman?

Kijan Li te mennen Kris isit la? Pa Pawòl pwofèt yo. Èske se vre? Kijan Li pral mennen Epouz Li isit la? Pa Pawòl pwofèt yo.

Kijan Li te idantifye L lè Li te vini? Pa yon nonm ki te gen lespri Eli sou li, ki te soti nan dezè a. Kijan Li pral idantifye Epouz Li? Li te pwomèt menm bagay la nan Malachi 4, anvan ke Li detwi tè a, menm jan ak epòk Sodòm.

172 Sonje, Sodòm te boule. Èske se vre? Ebyen, mond sa a dwe boule. Jezi di sa. Epi lap lè kote, tankou Lik chapit 17 epi vèsè 30 la, "Nan jou sa yo kote lap tankou Sodòm ak Gomò, alò Fis de Lòm lan pral revele."

Epi apre, kisa k pral rive? Dapre Malachi, Li pral boule tè a ankò, epi moun jis yo (nan Milenyum lan) pral mache sou sann mechan yo. Èske se vre? Wè?

Se konsa, nou jis nan fen tan an. Nou nan pòt la kounye a, ap tann pou L vini.

173 Remake, Bondye te pwomèt nan Pawòl Li ke Li ta pral chwazi Epouz Li pa fason orijinal ke L te chwazi pa L... Epou a. Li te anonse l pa pwofèt yo, epi Li te voye yon pwofèt pou idantifye li.

Pwofèt ki te kanpe sou bò rivyè Jouden an di: “ la te di, li te kanpe sou larivyè Jouden an, “Men!”

Yo di: “Se ou ki Mesi a, pa vre?”

Li di: “Non, mwen pa Mesi a.”

“Ou dwe Mesi a.”

174 “Men, mwen pa Li. Men, Li kanpe nan mitan nou. Epi sapat Li, mwen pa bon ase pou m ta demare kòd yo. Lè Lap vini, Lap fè tèt Li konnen...”

Epi jodi a, Li kanpe nan mitan nou, nan Moun Sentespri a, ap manifeste tèt Li de plis an plis, ap vini nan legliz Li, fè tèt Li konnen; paske Li, avèk Epouz la epi Epou ap menm, ap fè tèt Li konnen. Epi on jou, wap wè ke Limenm ke ou santi nan kè w, epi ke ou wè idantifikasyon Li, Lap pèsonifye devan ou, apres a, ou menm avè Li nap Youn.

Nou ini pa Pawòl la. Epi Pawòl la, ki te nan kòmansman an, pral tounen nan kòmansman an, ki se Bondye. “Epi jou sa a, nap konnen ke Mwen nan Papa a, Papa a nan Mwen; Mwenmenm nan ou, epi oumenm nan Mwen.” Alelouya! Nou rive. Alelouya! Mwen tèlman kontan wè, Li pèsonifye tèt Li nan mitan nou, epi wè sa Li te pwomèt pou Pawòl la; pa emosyon on moun, chante, sote, epi danse. Men, pa Pawòl Li, amèn, Lap fè tèt Li konnen.

175 Gade, lè yo te pote, konstwi tanp lan epi yo te pote ach la ladann, Bondye te antre avèk on Kolòn Dife. Amèn. Se David ki tap sote epi rele, se tout chantè yo avèk prèt yo ki tap kontinye, alò ke yo te andeyò volonte Bondye. Men, lè Bondye te idantifye ach la nan plas Li epi nan pozisyon Li, anvan yo te rive antre ach la ladann, men Kolòn Dife a ki louvri chemen an; jis anlè zèl cheriben yo, epi jis dèyè Sen dè Sen yo, kote Li pran repo; Kolòn Dife a! Epi glwa Bondye a te la, jiskaske... yo pa t ka menm wè kijan pou sèvi yo. Amèn.

Li pral fèmen je tout teyoloji yo, lè Lap vin chache Epouz Li. Lap anlve nan-nan mitan nwit lan, jan l te ye pou yo. Yo pap menm wè L ale. Oh, lwe swa Bondye!

176 Remake, Bondye te pwomèt ke Li tap fè Epouz Li soti, sa Li ta pral fè. Pral gon Semans. Pral gon Limyè nan tan aswè, kijan Li ta pral fè tout bagay sa yo, egzakteman, epi fason ke Li te planifye l orijinalman nan Ansyen Testaman an epi Nouvo Testaman an.

Epi se pa atravè denominasyon. Se pa atravè sistèm nou ke nou itilize jodi a. Nou jis ap koze lanmò. Kite moun yo mete men yo sou Li, epi mouri de li. Wè?

177 Pawòl la, Mesaj nwit lan, dwe bay rezilta nwit la. Mesaj nwit la dwe simen Semans nwit la, pa semans maten a. Semans nwit! Èske se vre? Sèn nan mitan jounen an, semans sa yo lòt bò a, se te denominasyon; yo mouri, yo peri. Men, Mesaj nwit lan pral montre Limyè nwit lan, li pral montre rezilta nwit la; Mesaj nwit la!

Lè Jezi, mesaj mitan jounen an, te montre rezilta mitan jounen an. Mesaj nan kòmansman te montre rezilta kòmansman an, te fè kreyasyon an. Li fè Pitit li nan pwòp imaj Li, nan mitan jounen an. Nan tan nwit lan, Li fè yon Epouz pou Li. Wè? Pa kisa? Pawòl Li.

Kijan Li te fòme latè? Kijan Li te kreye? Pa Pawòl Li!

Kiyès ki te Pitit Li? Pawòl la! “Nan kòmansman an te gen Pawòl la, epi Pawòl la te avèk Bondye. Epi Pawòl la te fè chè epi li abite nan mitan nou.”

Kijan Li pral pran Epouz Li? Pa Pawòl la; pa pa yon nouvo cha, pa pa lide on teyolojyen. Men, dapre Pawòl Li, Li pral idantifye Li. Pa ajoute yon sèl bagay nan Li oswa pran yon sèl bagay nan Li, kounye a. Kite L jan Li ye a. Wè?

178 Tan nwit lan, Li te pwomèt ke Li ta pral revele, sepandan, louvri Sèt So yo epi montre kisa legliz yo te rate anvan. Apokalips 10, epi Malachi 4, Lik 17:30, Li te di ke Li ta pral fè l. Kounye a, annou pa melanje li. Annou kenbe bagay yo konsa.

179 Kite m, pou fini... Li anviwon, tou pre kenz minit anvan midi. Kite m fini, pandan map di sa.

Zanmi, koute, nan Non Seyè Jezi! Bagay sa yo twò klè pou nou pa kwè li. Li twò klè pou nou pa wè Li. Siman nou ka wè Sa! Siman mond lan ka wè Li! Men, jis...

Pa kite nou enfliyanse pa nouvo bagay fantastik sa yo epi bagay sa yo ke yo genyen jodi a; m pa bezwen konnen si yo bon, si yo sensè. “Si yo pa pale dapre lalwa a ak pwofèt yo,” Bib la di, “pa gen lavi nan yo.” Wè?

180 David te panse ke l te gen rezon. Li te sensè. Prèt yo te panse ke yo te gen rezon. Yo te sensè. Men, yo pat konsilte Seyè a sou sa. Epi, kijan yo ta ka fè li? Petèt ke yo te di, “Nou vrèman lapriyè sou sa.” Men, se pa t fason Bondye pou fè li. Li te pwomèt ke Li pa tap fè



anyen anvan Li revele li bay sèvitè L yo, pwofèt yo. Epi te gen Natan-ael ki te kanpe nan mitan yo, epi yo pa t janm konsilte l ditou.

181 Kounye a, li pwochen chapit yo nan Kwonik, epi nap dekouvriw ke, lè David te nan kay la, li te di, “Èske li jis,” epi Natanayèl te chita avè l, “pou mwen dwe viv nan bwa sèd, epi-epi ach Bondye anba tant yo isit la?” Epi Natan-ayèl se resevwa, de Seyè a, kisa pou l te dil fè.

182 Kòm li te fè move bagay, alò Bondye di, “Di sèvitè Mwen an, David ke Mmwen renmen l. Mwen fè l yon non tankou gwo moun ki sou latè a, men Mwen pa ka kite l fè l,” wè, “li kite M tonbe,” wè, “M pa ka kite l fè l. M pral mennen on moun, pitit gason l, ki pral leve kay etènèl Bondye a.” Epi se te David, natirèlman. Kote Salomon te tip la, men apres, li echwe. Tout moun dwe echwe. Tout èt imen dwe echwe.

Bondye se Li sèl ki pa ka echwe. Li pa ka echwe. Son bagay ke Bondye pa ka fè, se echwe. Epi Bondye se Pawòl la. Epi Pawòl la, pe enpòt si L sanble vin on lòt jan, Lap vini egzakteman jan Pawòl la te di.

183 Kounye a, sonje, ou dwe swiv sezon an, tan an. Wè? Epi nan ki sezon ou ye, a ki lè, epi fè on sòt de sa a konfime, pou wè ke se egzakteman Verite a.

184 Kounye a, pran tout obligasyon sa yo, tout Pawòl la, tout tip yo, ak bagay yo, epi gade ki kote n ye. Panse a lè n ap viv ladann lan.

Gade laba a, kote prèske yon dizyèm nan tè a pare pou tonbe. Lasyans di sa. Y ap gade sou mont la. Kèk ane de sa, yo te di: “Rete sèlman twa minit koulye a anvan minwi rive.” Ta ka yon minit, ta ka mwatye yon minit kounye a.

Yo te di: “Sa pap rive nan jenerasyon nou an.”

185 “Sa te ka rive nan senk minit.” E remake pwochen bagay li te di: “Senk an.” M pat janm di sa kounye a. Li te di sa, syantifik la. Y ap kouri kite Kalifòni tankou mouch. Ou wè? Ebyen, jou ke Lòt te soti nan Sodòm, menm jou an lapli dife te tonbe sou latè.

Youn nan jou sa yo Bondye pral pran Mesaj nou an, epi nou pral kite isit la. Yon bagay pral rive, se sèten, lè sa a, lè Legliz lan pati, Kò Li, Epouz Li.

186 Kounye a m vle li pou nou yon Ekriti, epi m vle nou li L avè m. M vle nou vire nan Detewonòm 4, pou fini. M panse gen ase petèt ki te di, ke n ap konprann. Detewonòm 4. M pral li de kote anndan isi a.

E pou legliz sa a, ak pou kasèt yo, moun ki sou kasèt yo, ak moun ki sou koneksyon an atravè lòt pati nan nasyon an, m vle nou koute sa trè byen, epi piga n fayi. Sa se bagay la ke mwen...

Detewonòm, chapit 4 la. M pral pran vèsè 1 an. M vle li vèsè 1 an, apres a m pral li vèsè 26 la ak 27 la. Nou ka li tout lè n rive lakay; men jis, pou sove tan, konsa nou ka soti a lè, paske m dwe tounen ankò aswè a, si Seyè a vle. Koute pwofèt sa a ki pale. Li te nan Prezans Bondye a. Li te konn de kisa l t ap pale. Koute.

*Koulye a, nou menm pèp Izrayèl, se pou nou kenbe tout lòd ak tout prensip mwen te moutre nou yo. Se pou nou mache dapre lòd sa yo pou nou ka viv, pou nou ka antre nan peyi Seyè a, Bondye zansèt nou yo, ap ban nou an. (Sa a reprezante Milenyòm nou an.)*

*Piga nou mete sou pawòl mwen kòmande nou fè a, nitou piga nou wete anyen nan li. ("Pa ajoute yon sèl bagay nan Li, epi pa retire yon sèl bagay nan Li. Rete, jis di sa L di!") Se pou nou kenbe tout kòmandman Seyè a, Bondye nou an, jan mwen te kòmande nou yo a.*

*Je nou te wè sa Seyè a te fè...nan mòn Peyò, lè Seyè Bondye nou an te detwi tout moun nan mitan nou ki te swiv Peyò. ("Kounye a nou s on pèp separe, andeyò denominasyon sa yo." Ou wè? Ou wè?)*

*Men, nou menm ki pa t' lage pye Seyè a, Bondye nou an, nou tout la byen vivan jou sa a. ("Nou pat janm mouri ak denominasyon nou an. Nou vivan kounye a, e nan Prezans Bondye a.")*

Pou fini, pa rate sa a. Vèsè 5, kounye a, lè yo pral antre nan peyi a, kounye a gade sa k te rive.

*E lè n'a gen pitit ak pitit pitit, lè n'a...fin vye granmoun nan peyi a, e n va kowonp tèt nou (se sa k te rive), epi fè...grave imaj (yon lòt bagay), osinon pòtre ankenn bagay pou nou fè sèvis pou yo. Piga nou fè sa ki mal nan je Seyè a, Bondye nou an, pou nou fè l' fache. (Koute!)*

*M'ap rele syèl la ak latè a pou temwen pou yo tandè sa m'ap di nou jòdi a, ou wè, : N'ap rete konsa, n'ap disparèt nan peyi, oswa plas la, kote nou pral pran pou nou lòt bò larivyè Jouden an. Nou p'ap rete lontan nan peyi a, paske nou tout pral disparèt nèt.*

187 Se Moyiz ki tap pale ak Izrayèl, apre Bondye te fin konfime l, pa yon Kolòn Dife, e l te konnen yo te pwouve l se sèvitè Bondye pou kondwi yo deyò. Epi anvan yo t al anndan peyi a, anvan yo t antre, Moyiz te di: "Kounye a, pawòl ke m te pale avè nou, m rele syèl ak tè pou temwaye kont nou. Si n ajoute yon sèl bagay nan Li, oswa retire yon sèl Pawòl nan Li, nou pap ret nan peyi kote Seyè Bondye a ban nou. "

Kidonk m di, nan Non Jezikri! Piga nou ajoute yon sèl bagay. Pa pran, mete pwòp lide nou nan Li. Nou jis di sa k te di sou kasèt sa yo. Nou jis fè egzakteman sa Seyè Bondye te kòmande pou fè. Pa ajoute nan Li.

188 Li toujou, kenbe pwomès Li pou nou. Chak pwomès ke L te fè, Li te kenbe l. Èske L te di nou kisa k tap rive, epi èske l te rive? M pote syèl ak latè devan nou jodi a, nan yon defi. Èske Bondye te janm di anyen ke L pat akonpli epi te fè egzakteman sa L te di ke L tap fè pou nou? Èske L pat fè l jis fason L te di ke L tap fè l? Se egzakteman sa. Se konsa L pral kontinye fè l. Jis pa ajoute nan Li. Pa retire nan Li. Jis kwè L epi mache enb devan Seyè Bondye nou an, paske n ap pwoche ale nan Peyi a.

Lè sa a, nou pap retounen, nou pap retounen nan kalite lavi sa a ankò. N ap retounen tankou yon èt imòtèl. N ap vire, lè peche aboli, lè Satan mare, epi pou mil lane n ap viv sou tè sa a ke Seyè Bondye w lan te ba ou. "Paske moun ki dou an va erite tè a." "Ke sila ki fè tout kòmandman L yo beni, konsa l te ka gen dwa pou antre nan Vil la." "Paske deyò a gen sòsyè, moun k ap bay manti, moun ki nan libètinay, ak chen. Yo pap antre anndan la a." Men yo sèlman pou Rachte a, ak pou sila yo ki mache nan kòmandman L yo.

189 Pa pran kèk bagay nouvo. Y ap vole toupatou, epi pral gen plis pase sa ki vini. Men pa pran bagay nouvo sa yo.

Seyè Bondye nou an te deklare ban nou sa ki Verite a. Seyè Bondye nou an te konfime sa ki Verite, pa Pawòl Li ak pa Lespri Li. "Se pa pa pwisans, pa pa pouvwa, men pa Lespri Mwen." E, Lespri a, "Bondye chèche sila yo ki adore L nan Lespri ak Verite". "Pawòl Ou se Verite." Epi L te konfime nèt ale ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li te montre nou Semans aswè yo. Li te revele L ban nou, nan Pawòl la. Li te pwouve Li ban nou, pa Lespri L.

190 Pa janm kòmanse oswa eseye yon òganizasyon. Pa eseye bati sou nenpòt lòt bagay.

Men rete enb devan Seyè Bondye nou an, paske sanble pòtay yo ka louvri nan Peyi ki te pwomèt la byento. Lè sa a, ann antre ak vrè chante ak kè kontan an, lè Epouz la ak Lemarye pran plas li nan Twòn lan.

191 Viv enb. Viv nan renmen. Youn renmen lòt. Pa janm met anyen nan mitan nou. Si n wè yon bagay monte nan kè nou kont on moun, retire l la a touswit. Pa kite...

Epi Satan ap fè tout sa l kapab pou l antre nan mitan nou. Ou wè? Piga n kite sa rive. Kèk kanmarad lang pandye ta ka parèt epi eseye mennen nou lwen Li. Nou panse yo te ka pale Moyiz soti nan Prezans Bondye a, kote l te kanpe la a epi wè Li? Non, mesye. Non. Nou pa retire nan Li oswa ajoute nan Li. Jis kenbe L fason Seyè a te di. Nou pa vle okenn denominasyon. Nou pa vle okenn òganizasyon. Nou pa vle okenn malveyan. Nou pa vle okenn chirepit. Nou vle Bondye, epi Li se Pawòl la.

Koulye a ann koube tèt nou.

192 O Bondye, m gade nan viwonn lan ak je espiryèl, m eseye wè sa k ap pase. M wè Pawòl Ou, fason L te konfime a, fason L te pwouve a; ale nèt depi tranntwa lane de sa, anba isi a nan rivyè a, sa W te di a. E men li, tranntwa lane apre, epi W ap fè jis sa W te di. Epi W te fè jis sa W te di. Seyè, ke sa ret lwen nou pou n eseye fè L pi piti oswa eseye fè L pi gwo; jis kenbe L fason W te fè L la, jis mache enb epi swiv Ou.

193 Se sila yo, Seyè, ke W te bay ministè a, an plis de tout moun ki dòmi nan tout peyi a, atravè mond lan. Simityè yo isit la kenbe anpil nan sila yo k ap tann, dè sen ki beni. Men se tankou sa te di: "Noumenm ki vivan epi ki rete pap anpeche sila yo k ap dòmi. Twonpèt la pral sonnen, moun ki mouri yo va leve vivan an premye; apres a n ap pran monte avèk yo." Lè glwa Bondye a ap sou tè a, li pral kache Legliz la lwen mond lan. Li pap menm wè L lè L ale.

194 Papa Bondye, kenbe sila yo nan men W. Yo pou Ou. M priye, Bondye, ke n ap toujou mache enb devan W. Nou pa konn konbyen tan. Nou pa dezire konn konbyen tan; se pa biznis nou. Sa se biznis Ou. Se pa volonte nou pou n konnen ki lè W pral vini. Se volonte nou, Seyè, pou n rete enb jouk Ou vini, epi mache avè W. Se dezi nou pou W jis kite yo konnen W, tanzantan, Papa, nan mitan nou, ke n ka wè ke n toujou ap mache avè W.

195 Padone nou peche n yo ki pase. Gide nou epi pwoteje nou soti nan chak pèlen dyab la, pou tan kap vini an. Kondwi nou epi gide nou, O Bondye Papa nou. Padone peche nou yo epi ede nou vin pitit Ou yo. Nou s on klas moun pòv. Nou se yon rejte, pa sosyete yo nan mond sa a, pa denominasyon legliz yo.

Nou wè fen an. E nou di W mèsè pou vizyon espiryèl nan Pawòl Ou, pou wè tan fen an, paske tout bagay sa yo dwe vini nan gwo kout wòch sa a ki sot nan Syèl. Ede nou, Seyè, pou n pa isit la nan jou sa a, men pou n pati nan Prezans Ou, vole ale nan lestomak Ou.

196 Geri malad ak moun ki aflije yo, Seyè. Nou priye ke aswè a W ap ban nou yon sèvis sitèlman gran, ke pa gen yon moun fèb nan mitan nou, poutèt Prezans Ou, Seyè. Se pou kè nou fikse san rete sou Ou. Epi n konnen, Seyè, ke lajan, pwopriyete, bagay nan mond lan pa gen okenn siyifikasyon, jis sitèlman tanporèl. Yo tout dwe ale. Travay nou yo, kote n rete yo, zanmi nou yo, tout bagay dwe ale. Sa pa enpòtan kijan n rich, kijan n pòv, kijan n popilè oswa pa popilè, tout dwe ale. Men gen sèlman yon bagay ke èt nou isit la santre nan viwonn li, e se Jezikri. Kidonk, Bondye, kite n mete tout bagay sou kote kòm an dezyèm, epi kenbe Li. E L se Pawòl la. Akòde sa, Seyè.

197 Pawòl ki konfime nan lè a! Pawòl ki konfime nan jou Moyiz yo se te Jezi. Pawòl ki konfime nan jou Ezayi, Eli, Jan an, tout, se te Jezi. E Pawòl ki konfime jodi a se Jezi, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ede nou, Seyè, pou n kwè sa, wè sa, epi mache nan li. Nou—nou mande nan Non Jezi.

198 Ak tèt nou bese, m mande m si gen kèk anndan isi a ki pat janm vrèman fè gran sèl sa a, ki sifi tèt li... Nou kwè Li, men jis kwè Li pa ase.

Mwen kwè ke madanm mwen te yon bon fi. M te konn papa l, manman l. M te konnen l pandan dè zane e dè zane. Li te mache yon lavi ki dwat. M kwè li t on bon fanm, men sa pat fè li pou mwen. Li pa janm vin pa m jouk, li, mwen te aksepte li, li aksepte m.

Koulye a Jezi vle aksepte nou. Èske n pap aksepte L epi vin yon pati nan Pawòl Li? Si n pat fè sa, ak tèt nou bese epi kè nou bese, mwen konfyan...

199 Pa gen plas pou yon apèl a lotèl isi a. M pa twòp sou yo, tout jan. M kwè Bondye vizite nou dwat kote n ye a. Èske n ta vle leve men nou, di: "Frè Branham, sonje m nan lapriyè. M vle fè sa." Bondye beni nou. "Mwen..." Bondye beni nou. O la la, men toupatou! "Mwen vle pou m kon sa." Bondye beni w, frè. Beni w, frè; nou tout, nan viwonn lan. "Mwen vle pou m sa." Bondye beni... "M vrèman vle pou m sa. Mwen—mwen wè li. "

Ebyen, kounye a, gade, zanmi, ka gen yon ti bagay...Si w pa sa, alò g on bagay ou te santre nan viwonn li apa de sa. Ou toupre li menm jan an, w ap gade li. Ou wè li. Ou te wè l pandan dè zane, k ap deplase. Ou wè li k ap vin nan matirite kounye a. Si sa vle di tout bagay pou nou, e pa g anyen lòt ki pral dire sòf Sa a, poukisa n pa jis vire tèt nou soti nan bagay sa a ke n tap gade a epi santre tèt nou sou Li? Ke, sa k nan mitan tout lavi, tout apre sa, se Limenm. Èske n pap fè sa, pandan n ap priye ansanm?

200 Chè Bondye, antan men gason, fanm, ti gason, ti fi, menm minis, leve men yo. Yo—yo te vle pou—pou yo di ke yo te vle vin santre dwat nan viwonn Seyè Jezi, e poutan sanble yo pa ka fè l. G on bagay ki rale yo nan direksyon *si/la a*, direksyon *sa a*. Li ta ka yon denominasyon, li ta ka yon moun, li ta ka yon peche, li ta ka yon bagay y ap kache nan kè yo. M pa konnen, Seyè. Ou konnen. Kèlkeswa sa l ye a, ke jis kounye a, Seyè, pandan ke W ap rele lòt moun...Ou te fin rele yo. Yo pou Ou.

Epi pandan W rele yo, ke yo lage sa a, peche ki deranje sa a, jan Bib la te di. "Vire al lwen peche sa a ki deranje nou fasil konsa, konsa nou ka kouri ak pasyans nan kous la ki mete devan nou, ap gade..." Kisa, travay nou, denominasyon nou, afliksyon nou, konsèy yo? "Kris Otè ak Sila ki fini lafwa ke n gen nan Li." Fè sa, Papa, pou nou jodi a, paske nou mande l nan Non Li ak pou glwa Li.

201 Koulye a yo pou Ou, Seyè. Fè ak yo jan W wè l kòrèk. Fè ak nou jan W wè l kòrèk. Nou pou Ou. Nan Non Jezi. Amèn.

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li renmen m an premye

E Li te rachte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

202 Èske n te bliye sou dine? Èske n te bliye si timoun yo kòrèk, deyò nan machin lan, oswa non? Eske n te bliye tout bagay sou pase a, epi te reyalize kisa sa ye ke n ap santi kounye a? L ap materyalize devan nou, jou apre jou. Ou wè? Kite sa vin nan mitan nenpòt sa l ye. Kite rès bagay yo ale lwen; yo pral peri, kanmèm.

O, jis kontinye swiv apre l! Ou wè? Menm jan Elize te swiv Eli, ann swiv Li. Paske nou dwe pran monte, tou, yon jou. Nou te wè cha Dife a ki te leve l soti nan tonm lan. Nou santi l nan mitan nou kounye a. Yon jou Li pral dekwoke chwal yo nan touf bwa yo. Nou pral monte. Èske n pa renmen Li?

E Li te rachte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

O, èske n pa ka jis prèske jis fèmèn je nou epi wè l pandye laba a?

Mwen renmen L, (ki lòt moun m te ka renmen?) Mwen renmen L

Paske Li renmen m an premye

E Li te rachte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

203 Chak fwa lè m retounen lakay, yon moun ale. M ta pati pou kèk mwa, tounen, yon moun ale. M vin chagren chak fwa m vini.

Lòt jou a, yon ti gason m t al lekòl avè l, ap desann nan lari a, li te di: "Bonjou, Billy."

204 M te gade l, li te abitye yon bèl ti bonnonm, cheve vrèman nwa klere penyen sou dèyè; kounye a l blan kou nèj. Li te abitye sitèlman dwat; vant soti nèt kon sa a. M te di, "Bonjou, Jim." M te gade l.

M te santi nan kè m, m te panse: "Bondye, ti gason sa a avè m, nonm sa a avè m, se menm laj la."

Lè sa a, m konnen jou m yo konte. M konnen li pa ka twò lontan ankò. M gade nan viwonn lan, epi panse: "Kisa m ka fè, Seyè? Ede m. M pa vle al devan W. M vle rete dwat—dwat dèyè W. Ou mennen wout la." M gade, epi panse: "Senkanssi zan, o la la, pa ka pi lontan ankò!"

205 Epi m gad anba, wè bon zanmi m Bill Dauch ki chita la a, swasanndouz oswa swasantrèz an. M gade nan viwonn lan, m wè timoun sa yo, yo panse: "Ebyen, m ap tann jouk m vin granmoun menm jan ak Frè Branham, m ap panse sa." Cheri, ou ka pa janm wè sa. M doute anpil ke w ap wè l. Ou wè? Men, jis panse, si Frè Bill Dauch viv nan jou sa a, l ap viv depase de santèn de moun kenz, sèz an. Y ap mouri chak inèdtan.

Kidonk ki diferans sa fè ki laj nou genyen! Kisa n ap fè ak lè n ap viv ladan l lan? Kisa n ap fè pou Jezi nan moman sa a? Ou wè? O, m vle wè L. M vle wè lè m gade a epi wè tout kò granmoun sa yo transfòme, wè yo "chanje nan on moman, nan yon bat je." Si se pa konsa, alò nou se moun ki pi fou; manje, bwè, epi gen kè kontan, paske demen n ap mouri; ou wè, nou jis tankou yon bèt, nou mouri epi n al nan pousyè a epi se tou. Men, gen yon mòtèl...nanm imòtèl k ap viv nan ou, frè. Nou te fin tande sot nan Syèl. Nou te fin wè l pwouve. Nou konnen ke Li se, e youn ki rekonpanse sila yo ki chache L ak dilijans.

Koulye a, manm nan Kò Kris la, pandan nou chante sa a ankò, m vle nou jis chita nan chèz nou epi bay youn lòt lanmen pandan nou chante sa ankò.

Mwen... (jis salye frè w, sè) Mwen renmen L

Paske... (Richard!)...mwen

E Li te rachte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

206 Èske n renmen Li? Di: "Amèn." [Kongregasyon di: "Amèn."—Editè a.] Èske nou renmen Pawòl Li? Di: "Amèn." ["Amèn!"] Nou renmen kòz Li? Di: "Amèn." ["Amèn!"] Èske n renmen Kò Li? Di: "Amèn!" ["Amèn."] Alò, nou renmen youn lòt. Amèn! Se sa. "Sa a pou tou lèzòm ap konnen nou se disip Mwen, lè nou gen renmen youn pou lòt la."

Koulye a m te poze men m sou mouchwa sa yo, si n dwe pran yo anvan lannwit.

207 M pral gen Frè Richard Blair...Bondye te reponn lapriyè li, limenm ak frè a isi a, ap priye lòt jou a, pou mennen tounen ti gason sa a ki chita nan mitan nou jodi a, k ap viv, poutèt lafwa yo nan Bondye. Koulye a m pral fè l voye n ale nan yon mo priyè, jis nan kèk moman, konsa nou ka tounen ankò aswè a.

Jis apeprè senk minit apre midi, pa revèy sa a. E m vle nou tounen aswè a, si n kapab, si n nan viwonn lan. Si n dwe al lakay nou, se pou Bondye fè n fè vit sou wout nou, epi ede nou, epi pwoteje nou. Si n ka rete, epi vle rete, nou byenvini pou n rete. Bondye avè nou kounye a.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk...(annou leve men nou pou Li)...rankontre nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè n jouk nou kontre ankò.

[Frè Branham kòmanse fredone *Bondye Avèk Nou*—Editè a.] Se fason sa pou kite kay Bondye a, plen ak lapriyè, nan imilite, konfyan ke n ap rankontre ankò aswè a. Si n pa fè sa: "Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!"

Ann koube tèt nou koulye a. Frè Blair.